Президент хэхыныгъэхэм жыджэру фыхэт!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№30 (24.624) • 2024 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

Дзыхь зыхуэфщІыр къыхэфх!

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм исхэр къыхуреджэ мы махуэхэм Урысейм и Президентыр хэхын Іуэхум хэтыну:

«Ди къэралым щыщІидзащ Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэм. УФ-м и иджырей тхыдэм еянэу щокІуэкІ лъэпкъ куэду зэхэс къэралым и тхыдэ лъагъуэм гъуазэ хуэхъу хэхыныгъэхэр.

Мыр дэтхэнэ цІыхуми езым и фІэфІыныгъэщ.

Сыхьэти 8-м щІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхыпІэ щІыпІэхэм я лэжьыгъэр. Гъатхэпэм и 15, 16, 17 махуэхэм къриубыдэу ахэр сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 20 хъуху лэжьэнущ.

Си фІэщ мэхъу, сыт щыгъуи хуэдэу, ди республикэм исхэм я хэкупсагъэр къыззрызыкъуахынур, ди зэкъуэтыныгъэр къагъэлъагъуэу хэхыпІэхэм зэрекІуэлІэнур.

Си лъахэгъу лъапІэхэ, щІыпІэхэм фекІуалІи, дзыхь зыхуэфщІыр къыхэфх!», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Зэрыхуэхьэзырыр къепщытэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным щІыналъэхэр зэрыхуэхьэзырым теухуауэ щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэт зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав. Абы жиІащ УФ-м и президент хэхыныгъэхэр республикэм щегъэкІуэкІыныр КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и нэІэ зэрыщІэтыр: щІыпІэ хэхакіуэ комиссэу 13, участкэ хэхакіуэ комиссэ 355-рэ къыщызэрагъэпэщащ ди деж. А Іэнатіэхэм я лэжьакіуэу Іуэхум къыхашащ цІыху мини 3-м нэблагъэ.

Джэш Вячеслав къыхигъэщащ хэхакіуэхэм щхьэхуэу хъыбар егъэщІэнымкІэ «ИнформУИК» къэрал проектыр нэхъыфІу зыгъэзэщІа щІыналъэхэм республикэр зэращыщыр. Мазаем и 17-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 7 пщІондэ участкэ хэхакіуэ комиссэхэм я лэжьакіуэхэм къызэхакіухьащ унагъуэ 281 477-рэ (процент 99,9-рэ), Урысейм и президент хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІынум теухуа хъыбарыр ирагъащІэу. А лэжьыгъэм хэтащ цІыху 1434-рэ.

ЩІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм КІуэкІуэ Казбек щагъэгъуэзащ щІыналъэхэр хэхыныгъэхэм зэрыхуэхьэзырым. Республикэм и Унафэщым гулъытэ нэхъ хуищІу къыхигъэщащ гъатхэпэм и 15 -17 махуэхэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм цІыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпІэмрэ къыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхухэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

ПсэукІэр зэрыщефІакІуэр нэрылъагъущ

Урысейм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ зэхуэзащ. Ди щІыналъэм и унафэщым къулыкъущІэр щигъэгъуэзащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

МАКРОЭКОНОМИКЭМ блэкІа илъэситхум иІа хэхъуэр къапщтэмэ, щІыналъэм зиужь зэпыту йокІуэкІ. Республикэ бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ хъуащ. 2023 гъэм абы и мылъку зэхэлъыр мелард 70-м нэсащ, ар 2018 гъэм елъытауэ тІукІэ нэхъыбэщ. Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу социальнэ дэІэпыкъуныгъэм трагъэкІуэдащ сом мелард 30. Абы къищынэмыщІауэ, езы республикэм и мылъкукІэ псэукІэм ехьэлІа гугъуехьхэр зэфІихыну Іэмал иІэ хъуащ. Къапщтэмэ, проценти 8,3-кІэ хэхъуащ бюджетым къыхэкІыу ят улахуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2023 гъэм щата улахуэр ику иту сом 39942,4-рэ мэхъу, ар ипэ ита илъэсым нэхърэ процент 13,3-кІэ нэхъыбэщ, езы улахуэр хэхъуащ проценти 6,4-кІэ. Иужьрей илъэсищым цІыхухэм я хэхъуэр хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъуащ, 2023 гъэм ар процент 18-кІэ дэкІуеящ. Лажьэхэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхъыбэ щыхъуащ щІыналъэм, абы къегъэлъагъуэ лэжьапІэншэхэм, къулейсызхэм я бжыгъэм зэрыхэщІыр.

Демографием и лъэныкъуэкІэ, республикэм щыпсэухэм я бжыгъэр хэхъуащ, цІыху мин 906-рэ исщ. ЛІэхэм я бжыгъэр процент 18,4-кІэ ехауэ къагъэлъагъуэ. 2023 гъэм къызэрахутамкІэ, республикэм ис цІыхухэр ику иту мэпсэу илъэс 77-кІэ, къэралым исхэр къапщтэмэ - илъэс 73,46-кІэ.

Республикэ унафэщІым къызэрилъытэмкІэ, абыкІэ сэбэп хъуар Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьэу узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэр зэрырагъэфІэкІуарщ. А программэм ипкъ иткІэ, сымаджэщ пщІы бжыгъэхэр зэрагъэпэщыжащ, узыншагъэм щеІэзэ Іуэхущ Іапіэхэр яухуащ, а псори технологиещІэхэмкІэ яуэдащ, узыр къэмыхъей щыкІэ къахутэрэ еІэзэфу зрагъэсащ.

Нобэкіэ къапщтэмэ, ди республикэр ящыщщ зи медицинэ Іэнатіэм нэхъ зиужьахэм. Зэман гъунэгъум иджыри апхуэдэ Іуэхущ Іапіэу 7 зэрагъэпэщыжынущ, 18 щІэуэ яухуэнущ.

КІуэкІуэ Казбек Голиковэ Татьянэ фІыщІэ хуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхухэр дэкІынымкІэ дэІэпыкъуэгъу зэрыхъум папщІэ.

Гъатхэпэм и 15 - 17-хэм къэралым щекІуэкІынущ зэІузэпэщ ящІыну щІыпІэхэр къыхэхыным теухуа Урысей-псо Іэтэт. Ар ирагъэкІуэкІ Урысейм и Президент Путин Владимир къыхилъхьа, «Псэупіэмрэ къалэ уэрамхэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Къалэр тыншыпІэм хуэщІауэ къызэгъэпэщын» къэрал проектым ипкъ иткІэ.

АБы зэрыхэтым и фІыгъэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэІузэпэщ щащІыжащ жылагъуэ щІыпІэу 196-рэ, пщІантІэу 517-рэ, утыкуу 47-рэ, жыг хадэ цІыкІуу 38-рэ, нэгузегъэужьыпІэу 19, лъэс лъагъуэу, щыджэгу, спорт утыкуу зыкъом. Абыхэм ящыщ куэдымкІэ цІыхухэм Іэ яІэтащ.

Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуащ лъэпкъ проектым 2030 гъэ пщІондэ къызэрыпащэнур. Абы и къалэныр къалэхэм я теплъэхэр егъэфІэкІуэнырщ, цІыхухэм я унагъуэм щыщхэм, я ныбжьэгъуэхэм ящІыгъуу зэманыр щхьэпэу щагъэкІуэн, зыщагъэпсэхун жылагъуэ щІыпІэхэр къызэгъэпэщынырщ.

ІэІэтым Іэмал къет щІыналъэм и зыужьыныгъэм дэтхэнэми езым и хэлъхьэныгъэ хуищІынымкІэ. БлэкІа илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу а Іуэхум хэтащ цІыху мин 80.

Мы илъэсым ІэІэтым хагъэхьащ объект 18: Урысейм и ЛІыхъужь Тэмазэ Тимур и цІэр зезыхьэ уэрамым щыІэ Щхъуэмч лъэс лъагъуэр, Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щыІэ, 115-нэ шуудзэм и жыг хадэ цІыкІур, Бахъсэн къалэм Кировым и уэрамым деж Совет Союзым и ЛІыхъужь Гагарин Юрий и цІэкІэ щыІэ жыг хадэ цІыкІумрэ лъэс лъагъуитІ-рэ, Прохладнэ къалэ ЗАГС-м и утыкумрэ абы и гупэ къит аллеемрэ, Май къалэм «Родина» щэнхабзэмкІэ унэм и гупэ утыкумрэ Комаровым и цІэр зезыхьэ уэрамым лъакъуэрыгъажэкІэ къыщыбжыхь хъу и гъуэгумрэ, Нарткъалэ - Ахъмэтым и цІэр зезыхьэ, Краснэ уэрамхэм тет жыг хадэ цІыкІухэр, Тэрч и «Къухьэпіэ» паркымрэ Еджапіэ аллеемрэ, Тырныауз къалэм и Іуащхьэмахуэ уэрамым и лъэс зекІуапІэмрэ Молодежнэ уэрамдэкІым тет жыг хадэ цІыкІумрэ, Шэджэм - Лагернэ уэрамым, къалэм и Ипщэ хьэблэщІэм иІэ жыг хадэ цІыкІухэм.

Зэ Іузэпэщ ящІыну щІыпІэхэр

Республикэм и цІыхухэр Іэ-Іэтым хэт хъунущ гъатхэпэм и 15-м щегъэжьауэ. Псоми щыгъуазэ защыхуэпщІыфынущ национальныепроекты.рф. ІэІэт сайтым.

● Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэр-2024

Пщэдджыжьыр сыхьэти 8-м...

Къэралым и щIыпIэ псоми хуэдэу, Налшык къалэм и хэхыпIэ №105-м (сабий гъэсапIэ №8-м къыщыIэзрагъэпэщам) и бжэхэр дыгъуасэ сыхьэти 8-м къызэIуихащ. Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэм папщIэ Iэ яIэтыныр я гупыжу, цIыхухэр пщэдджыжьым щегъэжьауэ жыджэру абы екIуэлIэн щIадзащ.

IЭ ЩАIЭТ щIыпIэм и хэхакIуэ комиссэм и унафэщI АфIэунэ Дадий къызэрыджиIамкIэ, хьэблэм дэс хэхакIуэхэр псори зэхэту цIыху 2716-рэ мэхъу икIи сыхьэт 11-м ирихьэлIэу, абыхэм я процент 20-м Iэ яIэтыну хунэсат. «Нобэ УФ-м и президент хэхыныгъэхэм и япэ махуэщ, нэхъыжьхэри, нэхъ щIалэхэри, уеблэмэ унагъуэхэр зэрыIыгъыуи жыджэру къокIуэ. Ди хэхыпIэр зыхуэзэ хьэблэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, дзэм къулыкъу щызыщIэхэр куэду дэсщи, ди гуапэ зэрыхъунщ, ахэр Iэ яIэтыну япэ иту къакIуэхэм ящыщщ», - къыджиIащ АфIэунэм.

УФ-м и президент хэхыныгъэхэм Iэ иIэтыну хэхыпIэм къекIуэлIат РАН-м и КъБНЦ-м и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и кафедрэм и профессор, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къущхьэбий Анзор. Абы къыджиIащ: «Хэхыныгъэхэм Iэмал имыIэу цIыхум и Iуэху еплъыкIэр къыщигъэлъэгъуэн хуейуэ къызолъытэ. Тхыдэм урилъэжмэ, къэрал куэдым апхуэдэ хуитныныгъэ яIэным цIыхухэр щыщIэбэну щытащ. Абы къыхэкIыу, нобэ диIэ Iэмалхэм дригушхуэу къэдгъэсэбэпын хуейуэ аращ. Мы Iуэхум фым дыщегъэгъуэ, ди къэралыр зыужьыныгъэм и гъуэгум тетщи, ди гугъэщ адэкIи ар ефIэкIуэну».

Пенсэм щыс ГъукIэ Фенэ и пхъурылъху цIыкIуитI къыздишат хэхыныгъэхэм Iэ щиIэтынум. «Нобэрей махуэр ди къэралым дежкIэ мыхьэнэ зиIэщ, зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм я щIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ, - жеIэ цIыхубзым. - Урысейр къэрал нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщи, дыхуейт дефIакIуэу, адрейхэр къыддэплъейуэ къэкIуэну зэманми щытыну. Си пхъурылъху цIыкIуитIыр IэIэтым къыздэсшащ, мыпхуэдэ хэхыныгъэхэм я мыхьэнэр щысабийм щегъэжьауэ зыхащIэн, щапхъэ яхуэхъун папщIэ. Урысейм и цIыхухэр къэралым сыт щыгъуи дыкъуэтынущ, зи щIыб къытхуэзыгъэзахэм я Iуэху еплъыкIэхэми икIэщIыпIэкIэ зрагъэхъуэжу, нэхъ лъэщыж дыхъуну дыщогугъ. Зэрыжысlауэ, нобэрей махуэр си дежкIи, си щIэблэмкIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Сыхуейщ дэтхэнэ зыми сехъуэхъуну узыншагъэ иIэну, мамыру, бэIутIэIуншэу псэуну. Тхьэм иригъэфIакIуэ Урысейр».

Шевелёвэ Анни IэIэтым къекIуат и пхъур къыздишэри. «Нобэ дызэрыгушхуэ махуэщ. ФIыкIэ дызыщыгугъ пIалъэщIэм дытохьэри, дыхуейщ ди къэралым адэкIи зиужьу,ефIакIуэу, и мурадхэр зригъэхъулIэу тлъагъуну», - къыддэгуэшащ и Iуэху еплъыкIэмкIэ бзылъхугъэр.

IэIэтым къекIуалIэхэм я гукъыдэжыр къаIэтын папщIэ, сабий гъэсапIэм и пщIантIэм макъамэхэр къыдэIукIырт. Iуэхущ1апIэм и музыкэ лэжьакIуэ Теммоевэ Залинэ сабийхэр махуэшхуэм хуигъэхьэзырати, цIыкIухэм я къафэхэмрэ уэрэдхэмкIэ цIыхухэр ягъэгушхуэрт. «Ди гъэсэнхэр псом нэхъыщхьэу хэкупсэу къызэрыдгъэхъуным иужь дитщ. Хэкур фIыуэ лъагъуным и лъабжьэр сабийр цIыкIуху бгъэтIылъын хуейщ. Нэхъ мащIэмкIэ къыщIэбдзэу, уи анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм, щIыналъэ цIыкIум щIэблэр дебгъэхьэхыфмэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу зэхэт Хэкушхуэри итIанэ гурэ псэкIэ къищтэнущ, абы щыгъуэм цIыхубэр зэкъуэту къэтэджынущ», - жеIэ хэхыпIэр здэщыIэ сабий гъэсапIэм и унафэщI АфIэунэ Дадий.

Мы хэхыпIэр хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету зыхуей псомкIи къызэрагъэпэщащ: хэхыныгъэхэм зэрыхагъэгъуазэ тхылъымпIэхэр, упщIэ уиIэмэ, уздэпсалъэ хъуну телефон номерхэр зытетхэр блыным щыфIэдзащ. Iэ зэраIэта тхылъымпIэхэр зрадзэ ашыкхэм из хъухукIэ, гъущI сейфым къыдах пакет щхьэхуэхэм ахэр иралъхьэри, мыхъуркIэ зэтрагъэпщIэж.

Гу зылъытапхъэ: КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, УФ-м и президент хэхыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху мин 543-м щIигъум Iэ щаIэтыфынущ. IэIэтыр хабзэм тету икIи наIуэу зэрекIуэкIым жылагъуэ лэжьакIуэ 900-м нэблагъэ кIэлъыплъынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэралым и къэкIуэнур я плъапIэу

УФ-м и Президентыр щыхэтх махуищым ипэ къихуэу, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым гъатхэпэм и 14-м щекIуэкIащ «Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыныр - къэралым и къэкIуэныр хэтх пэлъытэщ» зыфIаща зэIущIэ.

СТУДЕНТХЭР, еджапIэ нэхъыщхьэм щылажьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта а зэхуэсыр къызэзыгъэпэщар «Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэрщ, республикэм и Жылагъуэ палатэмрэ КъБКъУ-м щылажьэхэмрэ и дэIэпыкъуэгъуу.

ЩIалэгъуалэр УФ-м и Президент хэхыныгъэхэм жыджэру хэтыну къыхураджэу а зэIущIэм хэтащ: «Боевое братство» урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и исполкомым и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж къыщызэрагъэпэща, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъ Жылагъуэ штабым хэт Абэнокъуэ Владимир, республикэм и Парламентым хабзэм тетынымрэ къемызэгъ мылэжьынымкIэ, апхуэдэуи социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетхэм хэт Газаев Мэсхьут, УФ-м и Антимонопольнэ къулыкъум и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къумахуэ Аннэ, Прохладнэ къалэ округым «Къалэм и электросетхэр» и акционер зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Литвинов Роман, «Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Тенджыз Жаннэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъБКъУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор къалэныр зыгъэзащIэ Геккиев СулътIан зэхьхьэр щекIуэкI еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэза иужькIэ, университетым щеджи щылажьи зэхэту зэрыхъу цIыху мин 20-м нэблагъэр хэхыныгъэхэм зэрекIуэлIэнури къэралым нэхъ хущхьэпэну Iэ IэтыкIэ къызэрыщагъэлъэгъуэнури и фIэщ зэрыхъур къыжиIащ.

Зэхьхьэр езыгъэкIуэкIа, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къазджэрий Эммэ къызэрыхигъэщауэ, УФ-м и Президентыр хэхыныр - къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ, къыкIэлъыкIуэ илъэси 6-м ди зыужьыкIэ хъунури зэлъытар аращ.

Хэхыныгъэхэм кIэлъыплъакIуэхэр зэрыхуагъэхьэзыра щIыкIэм и гугъу ищIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкаревэ Наталье. ЩIыналъэм хыхьэ район 13-м къыщызэIуаха екIуэлIапIэ 355-м а къалэныр щагъэзащIэ кIэлъыплъакIуэу 355-м. Хэхыныгъэхэм, псори зэхэту, Iэ щаIэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм ящыщу мин 580-м щIигъур.

- Университетым щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм къызэригъэпэщ хабзэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ нобэ мыбдежым щедгъэкIуэкIри къэтлъытэ хъунущ. Ауэ щыхъуакIи, студентхэм захуэзгъазэу къыхэзгъэщынут хэхыныгъэхэм фи хэтыкIэ хъунур фэ езым гъащIэм къыщыхэфх лъэбакъуэхэм ящыщ зыуэ къызэрыщIэкIынур, къэралым и къэкIуэнур зэзыгъэзэхуэнури фыкъызыхэкIа лъэпкъым и хабзэ-бзыпхъэхэр адэкIэ зезыхьэнури фэрауэ зэрыщытыр. Дэ мы махуэхэм къыхэтхыр Президентым и закъуэкъым, атIэ Хэкум дзэ IуэхухэмкIэ и Iэтащхьэ нэхъыщхьэу къэувынури адрей хэгъэгухэм я къытхущытыкIэ хъунури Iэ IэткIэ къэдгъэлъагъуэу аращ, - жиIащ Абэнокъуэ Владимир.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и Правительствэм

Сом мелуани 185,4-рэ дыщIагъу

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий зи чэзу зэIущIэр гъатхэпэм и 14-м иригъэкIуэкIащ.

АБЫ зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и коллегиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щащэ ерыскъыхэкIхэм я шынагъуэншагъэр къипщытэу IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт гупымрэ.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жьы хъуа унэхэм 2022 - 2025 гъэхэм къриубыдэу цIыхухэр къызэрыщыщIагъэIэпхъукIыным ехьэлIауэ щыIэ программэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэм теухуа унафэм и проектым. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министр Бэрбэч Алим зэрыжиIамкIэ, «Ущыпсэуну къемызэгъыж унэхэр гъэмэщIэным и IуэхукIэ» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуахэмрэ ЖКХ-м, транспорт, гъуэгу, туризм IэнатIэхэм я лжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ Оперативнэ штабым 2024 гъэм мазаем и 16-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыхалъхьамрэ япкъ иткIэ, жьы хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIыу ятын хуей пэшхэм я уасэм зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ: зы метр зэбгъузэнатIэм сом мин 37-рэ 208-рэ тхьэнущ (сом мин 22,4-м и пIэкIэ).

Нэхъ и пэкIэ, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм жьы хъуа унэхэм цIыху 480-рэ къыщIигъэIэпхъукIын папщIэ (псоми зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 6,5-рэ къызэщIеубыдэ), «Лъэпщ» ООО-м муниципальнэ контракту 5 ирищIыIлауэ щытащ - метр зэбгъузэнатIэ мин 12-рэ 453-рэ, сом мелуан 279-рэ и уасэу, къызэрищэхунум теухуауэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, метр зэбгъузэнатIэм и уасэм зэрыхэхъуам къыхэкIыу, республикэ бюджетым щыщу иджыри сом мелуани 185,4-рэ а Iуэхум хухахын хуейщ.

Республикэ унафэщIхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ Налшык къалэ дащIыхь Мыл уардэунэм теухуа къэрал контрактым. Ухуэныгъэм папщIэ зыхуеину языныкъуэ Iэмэпсымэхэр зэхъуэкIын хуей зэрыхъуам къыхэкIыу, текIуэдэну къагъэлъэгъуа сом мелуан 370-м и пIэкIэ, сом мелуан 466-рэ мин 258-рэ хуейщ. Дэфтэрхэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэм ар щхьэдэхыркъым икIи лейуэ щIыналъэм мылъку къилъыхъуэн хуей хъунукъым.

КъБР-м и Правительствэм деж Балигъыпlэм нэмысахэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ щыIэ комиссэм и унафэщIу ягъэуващ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ - КъБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залым (КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Хъубий Марат и пIэкIэ).

ЗэIущIэм къыщащтащ щытыкIэ гугъу ихуа цIыхухэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа унафитIым я проектхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

Хэхыныгъэхэр йокIуэкI

Гъатхэпэм и 15 - 17 махуэхэм Урысей Федерацэм и Президентыр хахынущ къэралым и цIыхухэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ президентыр щыхах щIыпIэ 355-рэ, ахэр мэлажьэ хабзэм тету. Хэхыпlэхэм щыIэщ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр.

ЦIЫХУХЭР къекIуалIэу зыхуейм папщIэ щэхуу Iэ яIэтынымкIэ къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщауэ мэлажьэ Шэджэм щIыналъэм къыщызэIуаха хэхыпIэ 20-р. Iэ Iэтыр щIыналъэм зэрыщекIуэкIым и фIагъыр къапщытэ кIэлъыплъакIуэ 80-м щIигъум. Щхьэлыкъуэ къуажэм щыIэ хэхыпIэ №311-м курыт еджапIэ №1-м) и бжэр къызэIуахащ сыхьэти 8-м.

- Ди къэралым и щIыпIэ псоми нобэ щегъэжьауэ Президентым и хэхыныгъэхэр щокIуэкI. Абы жыджэру хэтщ Урысейм и къэкIуэнум папщIэ гудзакъэ зиIэ хэхакIуэхэр, щIэблэм я къэкIуэнум ирипIейтейхэр. Хэхыпlэ №311-м и комиссэр набдзэгубдзаплъэу пэрытщ IэнатIэм. Президентым и кандидату къагъэлъэгъуахэр зэрыт тхылъымпIэхэр, хэхакIуэхэр я закъуэу зыщIыхьэну шэтырхэр, тхылъымпIэхэр зрадзэ ашыкхэр - псори зыхуей хуэгъэзащ. Нобэ хэхыныгъэхэм я япэ махуэщ, цIыхухэр куэду къызэрекIуалIэм арэзы дыкъещI. Къуажэдэсхэм мыбдеж Iэ щаIэтынущ сыхьэт 20 хъуху, - жиIащ хэхыпIэ №311-м и комиссэм и унафэщI Таймаскуловэ Маринэ.

- Къэралым и цIыхухэм жэуап я пщэ къыщыдэхуэ IэнатIэщ хэхыныгъэхэр. Мы махуищым къриубыдэу Iэ Iэтым дыхыхьэн хуейуэ ди къалэнщ дэтхэнэми. Нобэ дэ къэдгъэлъагъуэ Iуэху еплъыкIэм елъытауэ щытынущ къытщIэхъуэм я пщэдерей махуэр. Дэ къэкIуэнум дыщогугъ фIыкIэ, - жиIащ Щхьэлыкъуэ курыт еджапIэ №1-м и унафэщI Куэшмэн Заур.

Iэ Iэтым къекIуэлIащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэщIэлI Суфьян. Абы Iэ щиIэтащ зэгуэр езыр зи унафэщIу щыта, Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт школ №1-м щыIэ хэхыпIэ №311-м.

- Щыпсэу къэралым щекIуэкIым хэтын хуейщ цIыхубэр - щхьэж зыхуейр къыхрырех, «дэ а Iуэхум дыхэмытми къэхъунуIакъым» жаIэу емыгупсысу. Къэралым и Президент хъуну езыхэм къагъэлъагъуэр текIуэныр е темыкIуэныр - ар етIуанэ упщIэщ. Абы емылъытауэ цIыху щхьэхуэм езым и еплъыкIэ зэриIэр къигъэлъагъуэмэ, аращ тэмэмыр. ЦIыхум и хуитыныгъэр къигъэсэбэпу зригъэсэн хуейщ, - жиIащ Суфьян.

- Хэхыныгъэм сыхэтыну хуитыныгъэ сызэриIэрэ си еплъыкIэр къыщызогъэлъагъуэ абы. Мыр икIи ди къалэнщ икIи ди хуитыныгъэщ. Сызыщыпсэу къэралыр фIыуэ щыслъагъукIэ, жэуаплныгъэ зыхэлъ мыпхуэдэ Iуэхушхуэми си еплъыкIэр къыщызогъэлъагъуэ, - жиIащ хэхыпIэм къекIуэлIахэм ящыщ Маргъущ ФатIимэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

«Си бзэкIэ къызгурыгъаIуэ»

• Джэгу-зэпеуэ

Адыгэ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирихьэлIэу Ныбжьыщ1э театрым щекIуэкIащ «Си бзэкIэ къызгурыгъаIуэ» джэгу-зэпеуэр. Ар къызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм.

ДЖЭГУ-зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэр бзэм и мыхьэнэр къэIэтынырщ, и пщIэр егъэгъуэтыжынырщ, щIалэгъуалэр анэдэлъхубзэм дегъэхьэхынырщ, акъыл жану къэгъэхъунырщ.

Адыгэ тхыбзэм гъуэгуанэшхуэ къызэпичащ. Тхыдэм елэжь щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, зэман жыжьэхэм зэрагъэпэщауэ ди лъэпкъым щыщхэм къагъэсэбэп тхыбзэ яIащ. Абыхэм щыхьэт тохъуэ сынхэм, кхъуэщынхэкIхэм, ятIагъуэхэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэм тещIа дамыгъэ гъэщIэгъуэнхэу ди зэманым къэсахэр.

ЦIыхубэм я зыужьныныгъэр, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр епхащ я анэдэлъхубзэр хъумэным, зегъэужьыным, хабзэр зехьэным. Лъэпкъыр лъэпкъыу къэнэн папщIэ къытщIэхъуэ щIэблэм бзэр Iэмал имыIэу яIурылъын хуейщ. Аращ Iуэхур зытращIыхьар зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм.

КъэпщытакIуэгупымхэтащщэнхабзэгъуазджэунэтIныныгъэхэмкIэ Iуэхугъуэ куэдым я къызэгъэпэщакIуэ, журналист КIэрэф Вячеслав, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, курыт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыщрагъэдж тхылъхэр зэхэзыгъэувa, ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ я фIыщIэ медалхэр зыхуагъэфэща, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэ Балэ Людмилэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Хэжь Марьянэ, «Черкесский ренессанс» зэгухьэныгъэм и унафэщI Жылэгъащтэ Хьэчим.

Налшык къалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI АфэщIагъуэ Анзор зэхьхьэ гуапэр къыщызэIуихым къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Адыгэ тхыбзэм и махуэмкIэ икIи къыхигъэщащ я анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм, къызыхэкIам махуэ къэси гулъытэ хуащIын зэрыхуейр.

Джэгу-зэпеуэм хэтащ «Призвание», «УхуакIуэ» колледжхэм я студентхэр, къалэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэр. Ныбжьыщ1эхэм къагъэлъэгъуащ бзэр зэращIэр, ар зэрагъэшэрыуэр.

КъыжьIапхъэщ, республикэм и мызакъуэу, адыгэ щыпсэу адрей щIыналъэхэми анэдэлъхубзэр хъумэным теухуа зэхыхьэ щхьэпэхэр зэрыщрагъэкIуэкIар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 16, *щэбэт*

♦Урысейм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦ 1942 гъэм къалъхуащ УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Дагъыстэным я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ

♦ 1918 гъэм къызэIуахащ Тэрч щIыналъэм ис лъэпкъхэм я II съездыр.

♦ 1938 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Дыгъужь Мыхьмуд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 18, *блыщхьэ*

♦ 1913 гъэм Налшык къыщызэIуахащ округым и лъэпкъхэм я I съездыр.

♦ 1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хъызыр**.

♦ 1932 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ**.

♦ 1958 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, полковник, АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бабыщ псым итхьэлэркъым, мэлыхъуэ хьэм ишхыркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ республикэм и хабзэгъэув IэнатIэ нэхъыщхьэм и I - IV хэхыгъуэхэм я депутат, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Бечелов Ильяс Борис и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Габаевэ (Бечеловэ) Мадинэ Борис и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зэщIэгъэуIуэныгъэ, финанс къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и управленэм и бухгалтер учетымрэ финансхэмкIэ и къудамэм и консультант **Габаевэ Беллэ Идрис и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Габаевэ (Бечеловэ) Мадинэ Борис и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Адэм и хъуэпсапІэ, бынхэм я насып

ЛІыхъужь и лъэужь кІуэдыркъым, жаІэ. Сыт хуэдиз зэман дэ кІами, апхуэдэхэм я лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ цІыхухэр тепсэлъыхьынущ, я хъыбар яІуэтэнущ. Апхуэдэу Хэкум и тхыдэм зи цІэр къыхэна ди лъэпкъэгъу лІыхъужьхэм ящыщщ ЛІУП Нурхьэлий къытхуитх мы хъыбарыр зытеухуар:

«ЛІУП ТІалибрэ Гуэщшыррэ япэу зэдагъуэтар Жыраслъэнт. А зэманым нэхъыжьхэм къагурыІуэрт я быныр ирагъаджэмэ зэрынэхъыфІри, щІалэ цІыкІум и ныбжь щынэсым къуажэ школым щІагъэтІыс-хьащ. Жыраслъэн и хьэл-щэнкІэ щапхъэ дахэ къигъэлъагъуэрт, еджэнри фІыуэ къехъулІэрт, жыджэру хэтт еджапІэм щекІуэкІ лэжьыгъэми. Щхьэлыкъуэ къуажэ школым и япэ пионер отрядым и къызэгъэпэщакІуэу щы-тар Жыраслъэнщ. А зэманым ар Налшык дэт Ленин еджапІэ къалэ цІыкІум щІэст. Абы иужькІэ Жыраслъэн совпартшколым щІотІысхьэри, ари фІы дыдэу къеух. Ар ягъакІуэ комсомолым и обкомым инструктору щылэжьэну. А зэманым абы республикэм и къуажэхэм лэжьыгъэшхуэ щрегъэкІуэкІ, комсомол ячейкэхэр, организацэхэр къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ.

Лэжьащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІэныгъэ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІу, республикэм и мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэ нэхъыжьу. Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и унафэкІэ, Жыраслъэн Тэн Іуфэ Іус Ростов щыІэ парт еджапІэ нэхъыщхьэм ягъакІуэ.

ЛІупым щхьэгъусэ хуэхъуа цІыхубз дахэр - Шэджэм Езанэм щыщ Щакіуэ Мэрян - еджапІэм къыщецІыху, я насып зэхэлъуи къыщІокІ. ЕджапІэр 1935 гъэм фІы дыдэу къаухри, зэгъусэу къагъэзэж. Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ, Жыраслъэн Бахъсэн МТС-м и директору ягъэув. Абы щІэныгъэуи акъылуи иІэр хуеунэтІ лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщыным, ар япэкІэ гъэкІуэтэным.

Зэщхьэгъусэхэм бынитІи ягъуэтауэ, зэгурыІуэ-зэдэІуэжу зэдэпсэууэ, «ер вы бжьакъуэм къокІ» жыхуаІэм ещхьу, зыпэмыплъа нэщхъеягъуэ къыкъуокІ. «МТС-м и шыгуш псэфым зэрызыкІэридзыжар и щхьэусыгъуэу 1937 гъэм ар ягъэтІыс, и адэ ТІалиби, зэрыунагъуэу, колхозым къыхадз, Къэббалъкъпотребсоюзым и къудамэм и унафэщІ Мэрян и лэжьапІэм къыІуагъэкІ, Дыгулыбгъуей къуажэ еджапІэм и директору лажьэ и къуэш Хьэжмурат и къулыкъум къытрагъэкІ. Ауэ ТІалиби и бынхэри насыпыншэу къыщІэкІынтэкъыми, Къалмыкъ БетІал зэрагъэтІысу, Жыраслъэн хей мэхъури, къаутІыпщыж. А зэрыщагъэса зэманым пэкІуэ улахуэри къратыж, куэд дэмыкІыуи, Къэббалъкъпотребсоюзым и унафэщІу ягъэув. Абы лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ къуажэхэм тыкуэнхэр къыщызэІухыным, цІыхухэр зыхуей хьэпшыпхэмкІэ къызэгъэпэщыным теухуауэ.

Хэку зауэшхуэр къохъей. Къэралым цІыхуу исыр фронтым дэІэпыкъуэгъу зэрыхуэхъунум яужь итщ. А Іуэхугъуэ иным Жыраслъэни абы и унафэм щІэтхэри жыджэру хэтщ. 1941гъэм и бжьыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым 115-нэ лъэпкъ шуудзэр къыщызэрагъэпэщ. Дивизэр хуейт командир Іэзэхэм, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ политрукхэм. Партым и обкомым, Налшык военкоматым я унафэкІэ, щІэныгъэлІхэр шуудзэм ираджэ. Абыхэм ящыщт политрук къалэныр зыхуагъэфэща Жыраслъэни.

1942 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и кІэм шуудзэр Ростов областым хыхьэ Сальск губгъуэм и деж нэмыцэхэм щапэщІэуващ. Шуудзэм щыщу Сталинградкіэ екІуэкІахэр генерал-полковник Еременкэ А. И. зи унафэщІ фронтым и еплІанэ шу корпусым хьащ. Еременкэ и унафэкІэ мазитІрэ ныкъуэкІэ корпусыр щызэуащ Сталинград и гъунапкъэхэм. Сэлэтхэм зыщагъэпсэху зэман кІэщІхэм деж политрук ЛІупым парт, комсомол зэІущІэхэр иригъэкІуэкІырт, зэхэуэ гупхэм къыхэжаныкІахэр игъэгушхуэрт, фронтым и унафэщІхэм къагъуэв къалэнхэм зауэлІхэр щыгъуазэ ищІырт, зауэм лІыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм дамыгъэ къызэрыратыну тхылъхэр игъэхьэзырырт, абы зауэлІхэр щыгъуазэ ищІырт.

Жыраслъэн абыхэм яжриІэрт: «Сталинград щедгъэжьа ебгъэрыкІуэныгъэм фашизмэм кІэ иритынущ. Дэр щхьэкІэ цІыхухэм жаІэнущ: «Сталинград деж щекІуэкІа зауэ гуащІэм хэтахэр». Зыщывмыгъэгъупщэ, зы лъэбакъуэкІэ дыкъикІуэт зэрымыхъунур. Аращ Сталиным и унафэр».

Зэгуэрым нэмыцэ танкхэр Іуащхьэ лъагэм и къуагъым къыкъуэкІащ, абы иужь итхэт щэбжьыгъэ хъу нэмыцэ сэлэтхэр. Зауэ гуащІэр екІуэкІащ жэщыбг хъуху, ауэ ди сэлэтхэр къикІуэтакъым икІи я быдапІэр ятакъым. Нэмыцэхэр щрагъэкІуэтыжым, губгъуэм кьинат бийм и танки 8. Тхьэмахуэ псокІэ бийр къебгъэрыкІуащ, ауэ ди зауэлІхэр зы лъэбакъуэкІи къикІуэтакъым.

Жыраслъэн зыщыща корпусыр шыщхьэмыгъаззу хэтащ мин 330-рэ хъу нэмыцэдзэр къэзыухъуреихьахэм, абы щыщу мин 91-р, генерал 24-рэ яхэту, генерал-фельдмаршал Паулюс я пашэу, гъэр къэзыщІахэм.

Абы иужькІэ совет зауэлІхэр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ебгъэрыкІуэурэ къалэ, къуажэ куэд хуит къащІыжащ. Жыраслъэни и зауэлІхэри Курск деж щекІуэкІа зауэ гуащІэм лІыгъэшхуэ къыщагъэлъагъуэу щызэуащ.

1943 гъэм и кІэм Жыраслъэн Харьков къалэ, командирхэр щагъэхьэзыру къыщызэрагъэпэща еджапІэм ягъакІуэ. Ар ехъулІэныгъэкІэ къеух. Лейтенант нэхъыжь ЛІупыр 2-нэ Украин фронтым хыхьэ 66-нэ фочауэ дивизэм и 93-нэ полкым и ротэм и командиру ягъэув. Ар ирихьэлІат Корсунь-Шевченковскэ ебгъэрыкІуэныгъэм зыщыхуагъэхьэзыр зэманым.

Джэрмэншык щыщ командир ЛІуп Жыраслъэн, Арщыдан щыщ 3-нэ батальоным хыхьэ ротэм и командир лейтенант нэхъыжь Бжьэдыгъу Шамсэдин, Налшык къалэ щыщ 1-нэ батальоным и штабым и унафэщІ капитан Пинхасов Авино сымэ зауэ гуащІэм щыІухьэм псалъэ быдэ ятащ - я псэ емыблэжу бий бзаджэм езэуэну.

2-нэ Украин фронтыр армэм и генерал Конев И. С. и унафэм щІэту 1944 гъэм щІышылэм и 5-м бийм ебгъэрыкІуэу щІидзащ. Ди зауэлІхэр щхьэмыгъазэу къалэ цІыкІухэмрэ къуажэхэмрэ хуит къащІыжу, Кировоград къалэм хуэкІуэрт.

А областым хыхьэ Нерубайкэ къуажэр нэмыцэхэм къыІэщІагъэкІыжын щхьэкІэ екІуэкІа зауэ гуащІэм щІышылэм и 8-м командир хахуэ Бжьэдыгъур щыхэкІуэдащ. И ныбжьэгъу лІыхъужьым и кІуэдыкІар Жыраслъэн хуабжьу къехьэлъэкІащ икІи псалъэ быдэ итащ Бжьэдыгъум илъ ищІэжыну. ФІыуэ илъагъу и ныбжьэгъур лІыгъэ хэлъу бийм зэрезэуар, абы и кІуэдыкІар иту письмо унэм къригъэхьат. Жыраслъэн и анэ Гуэщшыр, ар имыцІыхуми, и къуэм хуэдэу игъеящ. Абы и гъы макъым хьэблэ фызыр къызэхуишэсат. Абы щыгъуэ анэм жиІат: «Алыхь, си Жыраслъэнри а мафІэ лыгъэм хэкІуэдэнумэ». Анэм и къуэ пасэр, псом нэхърэ нэхъыфІу илъагъур, псэуэтэкъым абы ирихьэлІэу. ТхьэмыщкІэм и псэм ищІауэ къыщІэкІынт.

Белозеркэ къуажэм и деж нэмыцэхэм зыщагъэбыдат. Зауэ гуащІэм щІидзауэ екІуэкІырт. Фашистхэм икІуэтыну я мурадтэкъым.

- Зыхуэвгъэхьэзыр дызэребгъэрыкІуэнум! - итащ командэ ЛІупым, - Хэкум, Сталиным папщІэ! - жиІэри езыр щІытІым къилъри, щІэпхъуащ, зауэлІхэр и гъусэу. Бийр къызэуэкІыурэ икІуэту хуежьащ. ЗауэлІхэм япэ иту жэ ЛІупыр напІэзыпІэм нэкІукІэ щІым хэхуащ. Абы и гущхьэм нэмыцэшэ бзаджэр къытехуат. ЗауэлІхэр къимыкІуэту ипэкІэ кІуащ, къуажэри бийм къыІэщІагъэкІыжащ. Ар къыщыхъуар 1944 гъэм щІышылэм и 16 махуэрщ. ЗэныбжьэгъуитІым зы тхьэмахуэщ я зэхуакуар. Жыраслъэни Шамсэдини я псалъэр ягъэпэжащ - Хэкум папщІэ я псэр ятащ. ЕтІуанэ махуэм Жыраслъэн Белозеркэ къуажэм дэт къуэшыкхъэм щыщІалъхьащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 30-м зэрыщІигъуа щыІэтэкъым.

93-нэ полкым и командирым, штабым и унафэщІым я Іэ щІэлъу Жыраслъэн и адэ-анэм, и щхьэгъусэм письмо кьыхуатхащ: «ФІыуэ тлъагъу нэхъыжьыфІхэ, фи гуауэ хьэлъэр дэри хуабжьу зыхэтщІащ. ФІыщІэшхуэ фхудощІ апхуэдэ щІалэ хахуэ, губзыгъэ, Хэкум папщІэ куэд зыщІэфа зэрывгъэсамкІэ. Фи къуэм лІыхъужьыгъэ ин къигъэлъагъуэу Хэкум, къэкІуэну гъащІэм папщІэ и псэр итащ. Ар лІыхъужьщ. Дэ ар сыт щыгъуэи ди гъусэу къэтлъытэнущ. Абы зэрихьа лІыгъэм папщІэ командованэм Хэку зауэ орденым и езанэ нагъыщэр кьыхуигъэфэщащ. Фыкъыдогъэгугъэ Жыраслъэн илъ дэ тщІэжыну».

Абы ипэкІэ, зауэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Жыраслъэн къратат Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, «Хахуагъэм папщІэ», «Сталинград зэрихьумам папщІэ» медалхэр, Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр».

Министрыр студентхэм яхуозэ

● Узыншагъэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ колледжым и студентхэм яхуэзащ. Абыхэм я псалъэмакъыр теухуауэ щытащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщіагъэлІхэр хуэгъэхьэзырыным иІэ мыхьэнэм, студентхэм зыхуеджэ Іэщіагъэр къызэрыхахам, ахэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэща зэрыхъуным. ЗэІущІэм хэтащ республикэм и медицинэ Іуэхущіапіэ зыбжанэм я унафэщІхэр.

КЪАЛЭБАТЭР тепсэлъыхьащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и щытыкІэм, иужьрей илъэсхэм абы щекІуэкІ зыужьыныгъэхэм икІи къыхигъэщащ унэтІыныгъэм иІэ ехъулІэныгъэхэр псом япэу абы щылажьэ ІэщіагъэлІхэм я зэфІэкІым зэрелъытыжар. «Жылагъуэм ягъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэр ефІэкІуэн папщІэ псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ курыт щІэныгъэ зиІэ Іэщіагъэлі нэсхэр гъэхьэзырыным, - жиІащ Къалэбатэ Рустам. - Нобэ медицинэ Іуэхущіапіэхэр хуэныкъуэщ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ медбрат-анестезистхэм, рентгенолаборантхэм, медсестрахэм, ФАП-хэм щылэжьэну фельдшерхэм, медицинэ регистраторхэм».

Студентхэр псалъэмакъым жыджэру хэтащ - абыхэм министрым упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыхуагъэзащ, Іэщіагъэр къызэрыхаха щІыкІэм и гугъу ящІащ, адэкІэ зыпэрыувэну лэжьыгъэм теухуа я еплъыкІэхэри къагъэлъэгъуащ. Министрым зыщигъэгъуэзащ колледжым и лэжьыгъэр зэрызэтеублам, егъэджэныгъэ Іуэхур къызэрыщызэгъэпэщам, дерсхэр щекІуэкІ пэшхэри зригъэлъэгъуащ.

А зэІущІэм хэту, егъэджэныгъэ Іуэхущіапіэм къыщекІуэкІ хабзэжьым тету КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам «щІыхь зиІэ студент» цІэр фІащащ. А Іуэхум щыхьэт техъуэ студент тхылъыр медколледжым и унафэщІ Пщыбий Светланэ министрым иритыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ЯгъэлъапІэ бзэм ирилажьэхэр

● Гъунэгъухэм

Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр, я щэнхабзэхэр къэралым и къулеигъэ нэхъ инхэм ящыщу къалъытэ, ахэр хъумэным, егъэфІэкІуэным гулъытэшхуи щыхуащІ. А Іуэхум жыджэру иджыпсту толажьэ Шэшэн Республикэр.

ШЭШЭНЫБЗЭМРЭ литературэмрэ хухаха гъэм кІрикІуахэр къапщытэжа нэужь щІыналъэ унафэщІхэм къыхалъхьащ анэдэлъхубзэр езыгъэдж цІыху 1644-м ахъшэ саугъэту сом мини 100 зырыз иратыну. Ар къыхагъэкІынущ Кадыров Ахьмэт-Хьэжы и цІэр зезыхьэ фондым.

- Ди щІыналъэм тхыдэ къулей иІэщ. Дэ ди зэфІэкІ псори етхьэлІэну ди мурадщ ар хъумэным. Щэнхабзэ щІэинхэм я урысейпсо дэфтэрым нобэ къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъу 759-м нэс. Абыхэм псоми къэрал мыхьэнэ яІэщ, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан. - Шэшэныбзэмрэ литературэмрэ къыдэкІуэтей щІэблэм егъэджынымкІэ фІым я фІыжу зыкъэзыгъэлъэгъуахэми республикэм и дамыгъэ лъапІэхэр иратынущ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Шэшэн Республикэм анэдэлъхубзэр щыхъумэнымрэ а Іуэхум щІалэгъуалэ егъэджакІуэ нэхъыбэ хэшэнымрэ я зэфІэкІ псори ирахьэлІэну мурад ящІащ.

- Дэ шэч къытетхьэркъым ди анэдэлъхубзэр хъумэнымкІэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм Іэужьыфі зэриІэнум, - къыхагъэщащ Кадыров Ахьмэт-Хьэжы и цІэр зезыхьэ егъэджэныгъэ центрым и лэжьакІуэхэми.

2024 гъэр Тхыдэм и илъэсу хухахащ. Зэманыр здынэсам къызэгъэпэщакІуэ комитетыр яубзыхуащ икІи абы и зэІущІэм къыщыхалъхьащ гъэр икІыху ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэр. Ахэр миныи ноблагъэ. ЩІыналъэ щІэныгъэлІхэм я мурадщ шэшэн лъэпкъым и къежьапІэм ехьэлІа тхыдэ напэкІуэцІхэр тэмэму ягъэбелджылыну. АбыкІэ Іуэхур къадиІыгъынущ Шэшэн Республикэм и ЩІэныгъэ Академием.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Анэдэлъхубзэр зыгъэбзэрабзэ

Адыгэбзэкіэ къабзэу упсэлъэнымрэ абы зэгъэкІуауэ уритхэнымрэ зэгъусэу куэдым къаззремыхъулІэр жыдоІэ. Си лэжьапІэ пэшым къыщІыхьа бзылъхугъэ гуакІуэм и цІэ зэхэсхат, и художественнэ тхыгъэ ди газетым къызэрытехуами сыщыгъуазэт, ауэ езыр и щхьэкІэ сцІыхуртэкъым. И псэлъэкІэм ситхьэкъуат, апхуэдизкІэ адыгэбзэ къулей Іурылъти. Къытхуихьа Іуэтэжым сыщеджам нэхъри згъэщІэгъуащ: сюжет гъэщІэгъуэн къызэригъэтам къыдэкІуэу, ар щІэджыкІакІуэхэм я деж еджэгъуафІэ-гурыІуэгъуафІэу, абы щыгъуэми бзэ шэрыуэгъэ зэрынихьэсынми фІы дыдэу пэлъэщат.

Бей Жансурэт Каменномост (Кьарм эхьэблэ) къыщалъхуащ, къыщыхъуащ. Иджыпсту Дзэлыкъуэкъуажэ щопсэу, илъэс 20-м щІигъуауэ абы дэт курыт еджапІэ №1-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ щрегъаджэ. «Зы дерси щІэздзэркъым гъэсэныгъэм, цІыхур зэрыщытын хуейм, емыкІу къамыхьу зэрыпсэупхъэм я гугъу сабийхэм яхуэзмыщІу, - жеІэ Жансурэт. - Егъэджакіуэу щыта си адэм и лъэужьым абы хуэфащэу сызэрырикІуэным сыт щыгъуи сыхущІокъу. Араща сэ Іэщ1агъэри бзэри фІыуэ сэзыгъэлъэгъуар».

Зи лэжьыгъэм хуэІэижь, щІэблэр фІым хуэзыущий, гъуэгу захуэ тезыгъэувэ, адыгэбзэ дерсыр нэгъэсауэ абыхэм я пащхьэ изылъхьэ бзылъхугъэр тхэнми дехьэх, и зэман хухехыф. ГъащІэм пэжу къыщыхъуа и лъабжьэу нэгъабэ къытедзда «Узыпэмылъэщ къару» Іуэтэжыр куэдым ягу зэрырихьар къэтлъытауэ, нобэ ди газетым и напэкІуэцІыр хухыдох къэхъуа Іуэхум Жансурэт къытрищІыкІа «Гум и джэ макъ» тхыгъэ купщІафІэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

БЕЙ Жансурэт

Гум и джэ макъ

Іуэтэж

Къуажэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкІэ Балъкъ ину щоІэуэлъауэ. Ар кІуэ пэтми нэхъ къызэрокІ. Къиуащи, и толъкъунхэр ерыщу жьэгъум кІэредзэ, кьегъэлъеижри, зыр адрейм щІэІунщІэжу, къызэрохьэх. Дунейр зыкъутэ псым къыхэІукІ хуэдэт макъ лъэщ гуэр: «ЦІыхухэ, щхьэ зыхэвмыщІэрэ си гурыгъур? Дэнэ щыІэ япэм фщызгъуэту щыта пщІэмрэ гулъытэмрэ?»

И лъакъуэ узыр щхьэщыкІуэтри жейм хилъэфа къудейуэ, Елдар псы Іэуэлъауэм къызэщигъэужащи, зыщІодэІуКІри хэлъщ. «Къоджэм уигъэжейркъым» жыхуаІэращи, и щІалэгъуэм игъуэта лъакъуэ узыр къыхуинауэ гугъу ирегъэхь. Аракъэ бэлыхьыр: ныбжьыр хэкІуэтэху, узри нэхъ мэятэ. Тхьэусыхафэр игъэшу ежэх псы губжьам Елдар, гукъанэ хэлъу, йопсэлъылІэ:

- Ей, къуэш, апхуэдизу умыкъиин, шыІэ зигъэІэ. Къызгуроіуэ, уиІэщ гукъеуэ. Пэжу, пасэм адыгэр щІыуэпсым нэхъ хуэгумащІэт. Псыр зэнэнымпсу кьабзэт, и Іуфэлъафэм и теплъэм псэр игъэгуфІэрт. Иджы псыежэхxэм яІэ хъуа щытыкІэм уегъэгумэщІ. Сыт пщІэн? ДыкъэзыгъэщІам пхуэмышэчын къыптрилъхьэркъым, - хощэтыкІ цІыхухъур. - Мис, сэри си гущІэм щызоуэ а уи толъкъунхэм хуэдэ гуэр ерыщу, мыпсэхужу, арщхьэкІэ ямылейуэ зысщІыркъым, си пІэ сисыжщ.

Абдежым и гупсысэр зэпоури, аргуэру зыщІодэІукІ. Иджы абы зэхихыр зи лъахэр зрагъэбгынэ и сабий закъуэм и джэ макъщ: «Папэ, уэри накІуэ! Папэзэ!...» А макъым абы и гъащІэ блэкІар лъэмыкІыу и нэгу къыщІегъэувэж.

Елдаррэ Фаинэрэ пасэу зэрышэри, унагъуэ дахэу тІысыжат. ФІыуэ зэрылъагъуу, нэмыс, фІэлІыкІ я зэхуаку дэлъу псэурт. Зы щІалэ цІыкІу зздагъуэтати, адэм нэхъ насыпифІэ мы дунейм темыту зыкъыщыхъужырт. Хэт и гугъэнт, абы и гуфІэгъуэр кІэщІ дыдэну, и щыкъум унагъуэкъутэ ящІыну!

И Іыхьлыхэр куэд щІауэ зыщыпсэу хамэ щІыпІэм Іэпхъуэжыну и хъуэпсапІэт Фаинэ и анэ Данэ. Нэгъуэщі хэку псэупІэ ищІыну зи нэгу къыщІэзымыгъэхьэу щыта и щхьэгъусэри акъылэгъу дохъури, я мурадыр зрагъэхъулІэ. ХэщІапІэ яхуэхъуам я псэуныгъэ Іуэхухэр щызэтеувами, Данэ абы тыншыгъуэ щигъуэтыртэкъым: я пхъур зэрамыгъусэр хьэлъэу и гум телът, дунейм хуиту тримыгъаплъэу. «И Іуэху зыІут дымыщІэу, и щхьэ дымылъагъуу, и сабий и Іэфі зыхэдмыщІэу дауэ дунейм дызэрытетынур?» - и пІэ изэгъэжыртэкъым ар. - Ди щІалэри, анэкъилъху имыІэ пэлъытэу, и закъуэу къэнащ». Малъхъэм и хьэлым фІыуэ щыгъуазэ Данэ къыгурыІуэрт ар гъусэ зэрахъумыхъунур. Нэгъуэщі Іэмал къыщыхуэмыгъэутым, и пхъур къигъэдэІуэну иужь йохьэ. Фаинэ ауи зытригъэхьэркъым и анэр, и гум къигъэкІыркъым фІыуэ илъагъу и щхьэгъусэр къигъанэу ежьэжыну. АрщхьэкІэ ухэдэу, Іэмал имыІэу, зыгуэр къыхэпхын хуейуэ гъащІэм урегъэувалІэ. Щхьэунаэз ящІа цІыхубзым и адэ-анэр къыхех.

И щхьэгъусэмрэ илъэсиплІым ит Дамир цІыкІуэ щежьэж махуэм, Елдар и гум щыщІар псалъэкІэ къызэрыпхуэІуэтэн щыІэкъым. Нэм илъагъур теплъэгъуэ гукъутэт: зи нэпсхэр джэшым хуэдэу кьелъэлъэх Фаинэ, кьеплъэкІыжурэ зи адэм еджэ Дамир цІыкІу, гуауэ къытепсыхам зи плІэр иухуа Елдар... «СфІэкІуэдынкъым си къуэр, къекІуэлІэжынщ гува-щІэхами и адэ лъапсэжь», - и гур игъэфІырт нэкІэ ахэр зыгъэкІуатэ адэм. Хьэблэмэ къуажэми ягу щІэузырт Елдар, яфІэпсэкІуэдт унагъуэ зэтещэхар. А махуэ гухэщІым и ужькІэ Елдар и лъэр щІэхущ къыззэфІэмыувэжыфуи, мазэкІэ сымаджэщым щІэлъащ. Абы щыгъуэ къищта узым нобэми тыншыгъуэ къритыркъым.

Зэманыр макІуэ, гъащІэри абы кІэлъоІэ. Елдар унагъуэщІэ зэригъэпэщщыжауэ екІуу, зэпэщу мэпсэу. Ар зи псалъэ и уасэ зыщІэж, хьэрычэтышхуэ зыбгъэдэлъ цІыхущ. Емыгупсысу, мычэнджащэу Іуэху ирихьэкІыркъым.. И щхьэгъусэ Салими езым екІупсу къызэрыхихыжам щымыгуфІыкІ къуажэм дэстэкъым. Ар цІыхубз зэкІужт, нэфІэгуфІэт, и нэгум кърих Іэдэбыгъэ къудеймкІэ пщІэ зыхуигъэщІырт. Унагъуэ зекънрэ бын пІынрэ япэ ибгъэщ хъун щымыІэу къззылъытэ унэгуащэ гумащІэт. Сыт нэгъуэщі цІыхухъур зыхуейр? Зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку дэлъ гуапагъэр, Іэфы1ыгъэр я бынхэм зыхрагъащІэу къагъэхъуащ. Ябпхъу нэхъыжь Сэтэней дэрбзэр Іэщ1агъэр кьыхихауэ, абы хуоджэ. И дэкІуэгъуэ нэмысыпами, хъыджэбз нэмысыфІэм нысэкІэ куэд кьохъуапсэ, и щхьэр течауэ кьыжезыІи къахэкІыу. Тхьэм ищІэнщ абы езым и гум щигъафІэр. И нэ фІыцІитІыр хэплъызэу жаІэм йодаІуэри и Іуэху яужь йохьэж. Я нэхъыщІэ Заринэ курыт еджапІэм щІэсщ, нэхъ пэрытхэм хабжэу йоджэ. Зи жыІэ тебгъуэтэж, зи псэр къабзэ хъыджэбз цІыкІур инми цІыкІуми я гум дохьэ, фІыуэ къалъагъу.

Фаинэ лІы дэкІуэжауэ и Іыхьлыхэм япэгъунэгъуу Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хьхьэ Нью-Дели кьалэм щыпсэурт. И щхьэгъусэр Сирием къыщыхъуа шэрджэс щІалэт, цІыху вэгъзэгът. Бын зэдамыгъуэтами, Дамир езым ей дыдэм хуэдэу фІыуэ илъэгъуат. Фаинэ дунейр тІэу пкІэгъуэ хуэмыхъуу щыгуфІыкІырт а тІум яку дэлъ зэхущытыкІэм. Ауэрэ, щІалэр къыдэкІуэтеиху, нэхъ псэлъэгъуей хъурт, гупсысэ гуэрым зэрызэщІиІыгъэм анэм гу лъитэрт. И гум щыщІэмкІэ абы щыпкърыупщІыхьым, кьыжриІащ и адэр и нэгум куэдрэ кьызэрыщІыхьэр, илъагъуну зэрыщІэхъуэпсыр. И къуэм папщІэ имыщІэн щыІэтэкъым анэм. Абы мурад ещІ Дамир и адэм и деж къишэжу иригъэлъагъуну. «АдэкІэ Іуэхур зэрыхъунур гъащІэм къигъэлъэгъуэнщ», - егупсысащ ар. Езыри апхуэдизкІэ хуэзэшат кьыщалъхуа щІыпІэм, и япэ лъагъуныгъэр къызыдина пщІантІэжьми, зыми гу лъримыгъатэу и нэпсхэр щыщІилъэщІыкІ куэдрэ къэхъурт. Анэмрэ къуэмрэ я зыгъэпсэхугъэу зэманыр зэтрагъахуэри, я хэку кьихьэжащ. «НыбжьэгъуфІыр Іыхьлыфі и уасэщ» жыхуаІэрати, Марям зэанэзэкъуэм гуапэу яІущІащ, нэгъуэщІ хэщІапІэ яримыгъэщІу я деж кьыщызэтригъэувыІащ...

Елдар, гупсысэ-гукъэкІыжхэм яІыгъыуэ, нэху кьытещхьащ. Зэманыр къулъшыкъум нэблэгъауэ пщІантІэмкІэ къиуІукІыу псалъэмакъ зэхех, мыгувэуи и щхьэгъусэм япэ иту щІалэщІэ пэшым кьыщІохьэ. Елдар щІалэ кьыщІыхьар нэхъуеиншэу зэпеплъыхь, абы кьыбгъэдэкІ хуабагъэр и гум хыхьащи, кьыфІолъэт, гуфІэгъуэ гуэрым пигъаплъэу. ЕпІэщІэкІыу и лъакъуэ кьемыдэІужу щытахэр пІэм кьрехьэхри кьызэфІоувэ, зречри ґьунэгъу зыкъыхуэзэщІ и къуэм зыпщІэхедзэ. Сыт хуэдэ къару ар кьызэфІэзыгъэувэжу щІалэм бгъэдэзэгъэхьар? Шэч хэлъкъым ар быным хуиІэ лъагъуныгъэм и къару лъэщырауэ зэрыщытым. Адэмрэ кьуэмрэ зэшэкІауэ утыкум итщ, Іуэхур зыІутыр кьызыгурыІуа Салими, гуфІэ нэпсхэр щІилъэщІыкІыурэ, ахэр кьеуфэрэзыхь.

- Сыту куэдрэ сызэбгъэжьа, си къуэ! Си псэм ищІэрт уи лъапсэжь кьызэрыбгъэзэжынур, - мэбзэрабзэ адэр.

Къуэм нэхъри абы зрекъузылІэри, щабэу педзыж:

- Уи гум и джэ макъырщ сыкъэзышэжар, си адэ. ГъащІэм зэпэІэщІэ дищІами, ди псэр зэрыщІащ.

Мы дунейм сыт щыІэ, зэман кІыхьым кьриубыдэу зи щхьэ умылъэгъуа уи бын кьыпхудыхьэжын нэхъ гуфІэгъуэ?! Зыпэмыплъа насыпыр зэуэІа Елдар пщІыхьэпІэ дахэм хэт хуэдэт...

Мыгъэрей бжьыхьэр ямылейуэ бжьыфІэт, гъэмахуэм и фащэ зэкІужыр зыщихыжын игу пымыкІ хуэдэ. Бгы лъапэжэм щигъуэлъыкІа тафэшхуэхэм гъуэжьыгъэ мащІэ зыхидза удз кІырхэр нэжэгужэу щоуфафэ. АдэкІэ къыщолъагъуэ иджыри щхъуантІагъэм зэщІиІыгъэ мэзылъэ бгыжьхэр. ЖыпІэнурамэ, щІыуэпсыр зэщІопщІыпщІэ, дахагъэкІэ зегъэпскІ. Дунейм и щІэращІагъэм пэджэжу Балъкъ Іуфэ Іус жылэшхуэм цІыхухэр щынэжэгужэщ. Бэрыкъуэ Елдар и гуфІэгъуэр даІыгъыну, зи лъахэ кьихьэжа щІалэр ялъагъуну пщІантІэм цІыхушхуэ кьыхудохьэ. Пшынэбзэ макъыр, Іэгуауэ иныр щІэтыжу, кьуажэм и дэнэ лъэныкъуэкІи щызэхыбох. ЩІалэгъуалэр куэдщи, гуфІэгъуэ джэгур зэпыуркъым. Унагъуэм хьэгъуэлІыгъуэ дахэ щекІуэкІ фІэкІа зэрыпщІэн щынэжэгужэщ. Бэрыкъуэ Елдар и гуфІэгъуэр даІыгъыну, зи лъахэ кьихьэжа щІалэр ялъагъуну пщІантІэм цІыхушхуэ кьыхудохьэ. Пшынэбзэ макъыр, Іэгуауэ иныр щІэтыжу, кьуажэм и дэнэ лъэныкъуэкІи щызэхыбох. ЩІалэгъуалэр куэдщи, гуфІэгъуэ джэгур зэпыуркъым. Унагъуэм хьэгъуэлІыгъуэ дахэ щекІуэкІ фІэкІа зэрыпщІэн щынэжэгужэщ. Бэрыкъуэ Елдар и гуфІэгъуэр даІыгъыну, зи лъахэ кьихьэжа щІалэр ялъагъуну пщІантІэм цІыхушхуэ кьыхудохьэ. Пшынэбзэ макъыр, Іэгуауэ иныр щІэтыжу, кьуажэм и дэнэ лъэныкъуэкІи щызэхыбох. ЩІалэгъуалэр куэдщи, гуфІэгъуэ джэгур зэпыуркъым. Мы теплъэгъуэм зэуэ и нэгу кьыщІигъэувэжащ, илъэс пщыкІутху ипэкІэ и унагъуэр кьигъанэу щежьэжа махуэр. Ауэ иджы зи закъуэу кьэнар езырат... Дауэ хъуми, и пкъым занщІэу псэ кьыхьхьэжащ, и нэгуми нэщхъыфІагъэр кьыщепсыжащ.

«Си псэм ищІэрт узэрыспэгъунэгъур, си дуней нэху! Зэгуэр фІызэкІэрысчами, фызэсшэлІэжащ. ТІури фынасыпыфІэщ. Сэ сыпэхуэкъым, есхьэкІынщ гъащІэр кьызэрысхуиухам хуэдэу», - и гущІэм къипсэлъыкІыурэ ар цІыхухэм яхэбзэхэжащ.

Дамир и адэ лъахэм зэрипсэухьрэ илъэсым фІыуэ блихуауэ, анэшхуэм кьыбгъэдэкІыу хъыбар дахэ кьыІэрыхьащ. Кьуэш цІыкІу кьыхуалъхуат, илъэс ныкъуэ зэрыдэкІыу, анэм и бынунэр щІыгъуу, къигъэзэжыну и мурадт. «Къуэши шыпхъуи сиІэщ. Сыту сынасыпыфІэ!» - и гур къилъэтыным хуэдэт абы. ЩІалэм и гуфІэгъуэр унагъуэми даІыгъырт.

Зи хэку зыгъуэтыжа Фаинэрэ и щхьэгъусэмрэ я къуэ кІасэм зыщамыгъэнщІу мэпсэу. Абыхэм япэжыжьэхьэм Елдар и унагъуэри. Ахэр зэкІэлъокІуэ, зэкІэлъоІэбэ, зэрымылъагъумэ, зэхуоэзш. «УзыщІэджэр кьокІуэ» ауэ сытми жиІэркъым адыгэм. Гум и джэ макъырщ ахэр зэхуэзышэжар, насыпыр нэхуапІэу гъусэ яхуэзыщІар.

Лъэпкъым и псэр зыхъумэ

Адыгэр щэнхабзэкІэ, шыфэлІыфэкІэ, хабзэ-бзыпхъэкІэ, фащэкІэ, щІэныгъэкІэ дунейм къыщацІыху. Лъэпкъым теухуауэ Іуэху дахэхэр елэжь, и щІэныгъэкІи хэлъэт иІэщ, зыпэрыхьэм псэ хелъхьэ мы тхыгъэм и лІыхъужьым. Мэрем Гуокхьэн хуэдэхэм адыгэпсэр яхъумэ гупсысэкІэ, Іуэхущ1афэкІэ, хьэл-щэнкІэ! Абы къытхуиІуэтэжахэр нобэ тыдодзэ:

Университетыр

- Тыркум и Узун-Яйлар адыгэхэр куэду щыпсэу зы щІыпІэщ. Нэхъыбэу абы щыІэхэр къэбэрдей адыгэхэрщ, Бахъсэн лъэныкъуэмкІэ къикІа куэд дэсщ. Узун-Яйлам адыгэ къуажэ куэд егъэщІылІащ. Абыхэм ящыщ зым - Инарыкъуейм - сыкъыщыхъуащ сэ. Си сабиигъуэр Къайсэр щызгъэкІуащ, курыт еджапІэри аращ къыщызухар. ЕджапІэ нэхъыщхьэм сыщІэтІысхьэн хуей хъури, Анкара сыкІуащ. ИлъэситкІэ абы сыщеджауэ, Инджылызым щыпысщащ щІэныгъэ ззэгъэгъуэтыным. Зы илъэскІэ Лондон, илъэсищкІэ Саутенд къалэм щыІэ университетхэм сыщеджащ. Инджылыз университетым сыщыщІэсым щыгъуэ зызгъэпсэхуну тхьэмахуэ сыщиІэ къэхъумэ, Тыркум нэс сыкІуэрти, унэм сыІумыхьэжу, Истамбул аэропортым билет къыщысщэхуурэ, Налшык сылъатэрти, зыщызгъэпсэхурт, зыщысплъыхьырт, Іуэху сыщиІэми зэфІэзгъэкІырт. Аргуэруи еджапІэм згъэзэжырт. Университетым къыщызухащ «бизнес менеджмент» къудамэр.

Хьэрычэт Іуэхур

Хьэрычэт щІэнымкІэ щІэныгъэ зэрызэзгъэгъуэтам и дипломыр сІыгъыу Тыркум къэзгъэзэжащ 2009 гъэм. Мазих нэхъ дэмыкІыуи Къэбэрдейм сыкІуащ. Нэхъапэ Іуэхр Китайм пластмасс Іуэхум и пІалъэхэр щызэзгъэщІагъэххэти, Налшык шатэм ехьэлІауэ зы фирмэ къыщызэІусхащ. ИлъэситхукІэ згъэлэжьащ пластмасс шаталъэхэм дыщелэжьа Іуэхущ1апІэр.

Ахъуэ (оливэ) дагъэ къыщІэгъэкІынымкІэ Тыркум щынэхъ ин дыдэ фирмэщ «Мармарабирлик» жыхуаІэр. Сэ пластмассым епха хьэрычэт Іуэхум сыкъыхэкІыжа нэужь, мис а фирмэм и къудамэ къызэІусхри, абыкІэ Урысей псом и дистрибьютору сыщытащ. Абы щыгъуэ Налшык, Байсултановым и уэрамым, «Олива» и фІэщыгъэу шхапІэ къыщызэІусхащ Тыркум я шхыныгъуэхэр - кебаб, пиде, лахмаджун, пахлавахэр щапщэфІу. ПщафІэ Іэзэхэр Тыркум къисшат. ШхапІэр мазихкІэ згъэлэжьауэ аращ. Ахъуэм и Іуэхум сыщыкІэт зэманым ирихьэлІат Урысейм и кхъухьлъатэр къыщраудыхар. Сириемрэ Урысеймрэ я Іуэхур и щхьэусыгъуэу си пщафІэхэр къэралым щыІэну хуит къызэращІ зэманым къыхупамыщэ хъуащ. Сэри «вид на жительство» дэфтэрыр схуамыгъэкІуатэурэ, си тхылъымпІэхэр сІамыхыурэ, я пІалъэр икІащ.

2016 гъэм и жэпуэгъуэм си уни машини сщэжри, лъакъуэрыгъажэфІ къэсщэхуащ - абыкІэщ Тыркум сыкъызэрыкІуэжар.

ИужькІэ Голландием сыкІуэщ, фирмэ къыщызэІусхри, хьэрычэт щысщІащ. Ауэ «ковид» жыхуаІэ уз зэрыцІалэм дунейр зэщІищтэри, аргуэру Тыркум къэзгъэзэжащ.

Адыгэ Іэщ1агъэлІ лъэрыхьхэр

Ауэрэ зы проект къэзгупсысащ смартфонхэм папщІэ. Абы илъэситІрэ ныкъуэкІэ сытелэжьащ. Анкара дэт Билькент университетым си проектыр схьати, ягу ирихьащ. ЩІэхыуи университетым срагъэблагъащ проектымкІэ си фирмэ къыщызэІусхыну. Иджы Анкара сыдэсу абы солэжь. Ауэ ахэр Америкэм ейщ. Сэ си программэхэмкІэ уи псалъэмакъэм теухуауэ укъыхэмыщтыкІыу упсалъэ, уи Іуэху ебгъэкІуэкІ хъунущ. Ахэр и кІэм нызогъэс. Ар куэд мыщІэу утыкум къитхьэнущ, мы зэманым маркетингым долажь.

Мыбыи сыкъытеувыІэнут... Тыркум - Анкараи Истамбыли - «айти» Іуэхум, интернет зэпыщІэныгъэхэм теухуауэ къару зиІэ Іэщ1агъэлІ лъэрытетхэр зы гуп дыщохъу. Фирмищэм нэблэгъэнщ абы телажьэхэр. ДызэрыІыгъщ, къэралми дыхуощхьэпэ. ЖысІэнуращи, а Іуэхум мы къэралым нэхъыбэу щыпэрытыр адыгэхэрщ.

«Уэрэдак1уэ»

СызэрыцІыкІурэ макъамэр сфІэфІщ. Магнитофон кассетэхэр сфІэгъэщІэгъуэну щытащ. Хэкум, Иорданием, СириемкъикІауэ кассетэхэр къысІэрыхьэмэ, сигу къыдыхьэ макъамэхэр, уэрэдхэр копие сщІырти, си архивым хэслъхьэрт. Пшынэ сеуэну сехъуапсэ хъури, ари зззгъэщІащ. Си еуэкІэр хэхэс адыгэхэм я пасэрей еуэкІэрщ зэщхьыр.

Тыркум щыІэ си ныбжьэгъуэхэм ящІыгъуу «Уэрэдак1уэ» фІэтщауэ макъамэ альбом къыдэдгъэкІауэ щытащ 2006 гъэм. Абы и ужькІэ «Хэхэс» альбомым елэжьын щІэддзащ. Ари зэгъусэу къыдэдгъэкІыну ди гугъуат, ауэ уэрэдхэм, макъамэхэм теухуауэ ди гупсысэхэр зэщхьэщыкІ хъуащ. Си гъусэхэр хуейт альбомыр иджырей тщІыну. Псалъэм папщІэ, макъамэм къыщІэувэ зэщІэжьыуэ лейхэр къыхэдгъэхьэмэ нэхъ ирагъэкІурт. Сэ нэхъ пасэрейуэ къэзгъэнэну сыхуейт. Апхуэдэу щыхъум, альбомыр сэ и кІэм нэзгъэсыжащ. А зэманхэм ирихьэлІэу Налшыккі Іуэгу пхысшакІэт. Увыж Анзор, Иуан БетІал, Факъуэ Ромэ сымэ къызделэжьащ макъамэхэм.

«Калан Мюзык»

Истамбыл щыІэщ «Калан Мюзык» компание лъэрыхь. Ар Тыркум щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым я щэнхабзэм тещІыхьащ. Іуэхущ1апІэр игъэлажьэрт тырку макъамэ продюсер Салтык Хьэсэн. ИлъэситІ ипэкІэ дунейм ехыжащ, Ахърэт нэху Тхьэм кърит!

АтІэ, сэ Хьэсэным зыхуэзгъаэзри, макъамэм теухуауэ си лэжьыгъэхэмрэ си мурадхэмрэ щызгъэгъуэзат. Ди гупсысэхэр зэтехуащ, ныбжьэгъуи дызэхуэхъуащ. А щІалэр сэ куэдкІэ къыздэІэпыкъуащ лъэпкъ макъамэм селэжьыным, ар цІыхухэм зэхезгъэхыным теухуауэ. Зэгуэр Хьэсэн мыпхуэдэу къызжиІат: «Иджыри къыздэсым сэ куэд си ужь итщ - курдхэри, лазхэри, нэгъуэщІ лъэпкъхэри. Проектхэр хьэзыру яІыгъщ, альбомхэр къыдызагъэгъэкІыну хуейщ. Ауэ сэ а псом сыдихьэхыркъым, адыгэ макъамэхэр къыдэзгъэкІынырщ си гур зыхуэпабгъэр. Иджыри къыздэсым сэ а жыхуэсІахэр си ужь итамэ, иджы сэ езыр адыгэрщ зи ужь ситынур!», - жиІэри. Куэд щІауэ адыгэ макъамэм дихьэхырт езыр. Хьэсэн сэрэ дызэхуэмызэ ипэ зэгуэр абы адыгэ альбом къыдигъэкІыну и Іуэху зэрихууэ щытащ. Ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэр къэхъури, а мурадыр къехъулІатэкъым. Сэ макъамэ Іуэхущ1апІэм зыхуэзгъэзэа нэужь, а щІалэр щэнхабзэ, макъамэ, лъэпкъ Іуэху щызесхуэкІэ хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ. Альбомхэм теухуауэ щІыхухэм хъыбар езгъэщІэну сыхуей хъумэ, телевиденэри газетхэри зэщІигъэхьэрти, икІэщІыпІэкІэ альбомым теухуа репортажхэр хьэзыр хъурт. «Сэ адыгэ хабзэр, щэнхабзэр, уэрэдыр дунейм къыщацІыхуну сыхуейщ», - жиІэрт. ФІыуэ дыкъилъагъурт адыгэ лъэпкъыр.

Налшык сыщыпсэуху щэнхабзэм теухуауэ Іуэху куэдым сыхэтащ. Еуаз Зубер макъамэ хуэсхьауэ щытащ, псалъэм папщІэ. Лосэн Тимур игъэхьэзыра макъамэ альбомитІым хэслъхьащ си гупсысэ, и концертми си гуапэу сыхэтащ. ИужькІэ езы Тимур Истамбыл къасшэри, адыгэ макъамэм теухуауэ куэдрэ къыддэдэІэпыкъуа «Калан Мюзык» Іуэхущ1апІэм и альбомитІ къыщыдэдгъэкІащ.

«Хэхэс ЕтІуанэ» альбомыр Налшык щыстхыу езгъэжьащ. Факъуэ Ромэ, Иуан БетІал, Лий Аслъэн сымэ я макъамэ студиеэм альбомым и Іыхьэ щыттхащ. И кІэм щынэдгъэсыжащ «Калан Мюзикым». «Хэхэс ЕтІуанэм» «Жансурэт и гъыбзэ» жиІэу хэтыр игъэзэщІащ Тыркум икъуэкІэ щыцІэрыІуэ актрисэ, уэрэджыІакІуэ бзылъхугъэ Шеваль Сам.

«Тыжь Илкай и хьэщІэщ»

Макъамэ Іуэхум кууэу сыщыхэт зэманым техуэу Тыркум щыщ адыгэ пшынауэ Іэзэ Тыжь Илкай Мейкъуапэ щыпсэуну Іэпхъуэжын Іуэхухэм хэтт, дэфтэрхэр игъэхьэзырырт. Ауэ а мурад дахэхэр къемыхъулІэу, машинэ зэжьэхэуэм гуузу хэкІуэдауэ щытащ. ЩІалэм и фэеплъу «Тыжь Илкай и хьэщІэщ» яухуащ. ХьэщІэщым и Іуэхур гудзакъэ зиІэ адыгэхэм ягъэкІуатэу арати, сэри макъамэм щызлэжьым къызит Іэмалымкі Іуэхум сыхьхьащ. Макъамэ альбомхэр тщэри, къыщІэкІа ахъшэр ухуэныгъэм хэтлъхьащ. «Илкай и хьэщІэщым» и щІыхькІэ концерт къыздгъэпэщащ, аргуэруи Шеваль Сам къезгъэблагъэри, уэрэдхэр щыжиІащ. Къайсэр щедгъэкІуэкІа концертым зы тІысыпІи имыІэу цІыхур щІэзт. Абы къыхэкІа ахъшэри адыгэ щІалэм и щІыхькІэ яухуа хьэщІэщым хэтлъхьащ.

«Нанэ и гущэкъу уэрэд»

Си ныбжьэгъу, си цІыхугъэхэм я сабий щагъэжейкІэ тыркубзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, франджыбзэкІэ гущэкъу уэрэдхэм зэрыщІагъэдэІум гу лъыстащ. Зыгуэрым ар щыжесІэм, «и тхьэкІумэр есэнщ, къыдэкІуэтеймэ нэхъ тыншу франджыбзэр зэригъэщІэнщ» къызжаІащ. «АтІэ адыгэбзэкІи гущэкъу уэрэдхэр диІэщ, евгъэдаІуэ», - жысІащ сэри. Абдеж щыжытІахэр си щхьэм итащ куэдрэ, симыгъэпсэхуу. Адыгэбзэкі Іэ гущэкъу уэрэдхэр зэхуэсхьэсыну си гум ислъхьащ. Апхуэдэ гурылъхэр сиІэу, «ковид» уз зэрыцІалэр къэхъейри, ди Іуэхухэр тхуэмыгъэкІуатэ хъуащ. Къайсэр сыдэсрэ Истамбыл щыІэ макъамэ студием сыкІуэну Іэмал симыІэу екІуэкІащ зэманыр.

2023 гъэм и жэпуэгъуэм едгъэжьащ альбомым и Іуэхур. Къайсэр, Джюздджэ, Гоксун лъэныкъуэхэм щыжаІэу зэхэсха гущэкъу уэрэдхэр зэхуэсхьэсыжащ. Ауэ ахэр мащІэт. Абы щыгъуэм сэбэп къысхуэхъуащ Шыбзыхъуэ Астемыр. КъардэнгъущІ Зырамыку Къэбэрдейм щыІэ къуажэхэр къызэхикІухьурэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ кІуэурэ адыгэ уэрэдыжь куэд зэхуихьэсыжауэ щытащ, нэхъыжьхэм яхуэзэурэ гущэкъу уэрэд куэд иткхыжащ. Ахэр къысІэригъэхьащ, сригъэдэІуащ, я хъыбарри къызжиІащ Астемыр. Къардэнгъущ1ым и уэрэдхэм я нэхъыбэм зэрытха макъым и фІагъыр щІагъуэтэкъым, къабзэтэкъым, ахэр щызэхуихьэса зэманым щыІа Іэмалыр апхуэдэти. Псалъэ куэдым я къэпсэлъыкІэр къысхуэмыубыду куэдрэ къытезгъаэзурэ седэІуэжырт. Си ныбжьэгъу Гъут Эрдогъан сэрэ дытІысри, къытедгъаэзм дедаІуэм, макъэр къэдубыдурэ, уэрэдхэр къиттхыкІащ. Мазэрэ ныкъуэкІэ Истамбыл студием щыттхащ макъамэхэр. Альбомым уэрэд куэд хэдгъэхьащ, ди гур хуэзэгъауэ къыдэкІащ.

Адыгэбзэкі Іэ, абазэбзэкі Іэ, абхъазыбзэкІэ ягъэзащІэу пасэрей гущэкъу уэрэд куэд щызэхуэхьэсащ альбомым. Уэрэдхэр жаІэ Къуэший Мехтап, Хьэжкъасым Тулин, Кымза Сэлда, Садзба Сэбахьэтин, Мэрем Бэртан, сэ. Нэхъыбэр макъамэ Іэмэпсымэхэр щІэмыту, къабзэу дгъэпсащ. Макъамэхэм Іэпэпшынэ, мащІэ дыдэу - шыкІэпшынэ хэзгъэхьауэ аращ. ШыкІэпшынэр зыщІэзгъэувари сэ езым згъэзащІэ уэрэдырщ, ари си макъыр нэхъ щабэ щІэхъуКІын щхьэкІэ. Бзылъхугъэхэм макъ щабэкІэ жаІэ уэрэдхэм шыкІэпшынэр къыщІэувэркъым. Іэпэпшынэми шыкІэпшынэми еуар си шынэхъыщІэ Мэрем Бэртанщ. Бэртани Къайсэр дэсщ, макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ Іэзэщ - Іэпэпшынэ, шыкІэпшынэ, пшынэ, гитарэ, бас-гитарэ йоуэ. КъардэнгъущІ Зырамыку зэхуихьэса уэрэдхэм оранжировкэ къыхуэзгупсысащ.

Сэ уэрэд куэд стхат нэхъапэкІэ - уэрэдыжьхэр, гушыІэ, гухэлъ уэрэдхэр, гъыбзэхэр. Гущэкъу уэрэдым япэу селэжьауэ аращ. Мыбыхэм ущелэжькІэ зы хабзэ щІагъуэм уфІэкІ мыхъуу утетын хуейщ - сабийр жейм хригъэшэн хуэдэу гъэпсыпхъэщ. Гущэкъу уэрэдым уелэжьныр гугъущ, пэжым ухуеймэ. Мыбдежым жэуапу пхыри нэхъыбэу къыщІэкІынущ. Гущэкъу уэрэдыр щабэщ, псэр егъэпсэху. Альбомым сыщелэжьым чэнджэщэгъу схуэхъуахэм ящыщщ Думэныщ Іэулэдин.

Махуэ гуэрым гущэкъу уэрэдхэм макъамэ студием дыщелэжьырт гуп дыхъуу. Зы макъамэ гуэрым дыщынэсым, сэ езым жейм сыхригъэшащ абы. Сыкъызэщыуа нэужь, си ныбжьэгъухэр къыздэгушыІэрт, «мис иджы и кІэм нэдгъэсащ, дызыхуейм хуэдэу къыдэхъулІащ, ущІэдэІуурэ ущыжейкІэ», - жаІэу.

Альбомым тет сурэтри гупсысэ хэлъу къыхэсхащ. Сурэтыр къабзэу, лей хэмыту, уеплъынкІэ утемызашэу, ауэ абы щыгъуэми и щІыкІэм иджырей технологие къыщыгъэсэбэпауэ щытыну сыхуейт. Бзэм елэжь «Джэрэз» гупым интернет напэкІуэцІым къралъхьэ сурэтхэр куэд щІауэ сигу ирихьырт. Сурэтым теухуауэ Хьэхъупащ1э Астемыр сепсалъащ. Абы щІэслъхьэну сызыхуей гупсысэр къыгурызгъаІуэщ, си нэгум щІэт теплъэр жесІэри, а жысІа дыдэр хэслъагъуэу ищІащ.

Альбомыр хьэзыр хъуа нэужькІи, и къыдэгъэкІыныр тІэкІу кІыхьлІыхь хъужащ. Макъамэхэм я фІэщыгъэхэр, хэзыгъэгъуаззэ хуэдэхэр адыгэбзэкІэ тетыну сыхуейт, ютубым ар адыгэбзэкІэ къыщыщІэщмэ, сфІэфІт. Ахэр адыгэбзэкІэ тестхэным папщІэ Тыркум Щэнхабзэмкі э и министерствэм мазитІкІэ хуит зыкъезгъэщІыфакъым. «Мыр дэ къыдгурыІуэн хуэдэу латин хьэрфкІэ тхын хуейщ», къызжаІэрт. Сэри адыгэбзэр сукъуэдият. Сытми, альбомыр къыщыдэкІа Іуэхущ1апІэри министерствэм «енькъуэкъуащ» зыкъомрэ. ИкІэм-икІэжым адыгэбзэкІэ тетыпхъэр теттхэнымкІэ хуит дыкъащІащ, альбомри дунейм къытехьащ.

ЦІыкІухэр Іэфіу щІожеикІ

«Нанэ и гущэкъу уэрэдыр» къыдэзгъэкІа нэужь, кърикІуа Іуэхухэм гукъыдэж къызатащ. Си ныбжьэгъухэм, си цІыхугъэхэм, сымыцІыхуххэхэм видеохэр къысхурагъэхь хъуащ, я бынхэр абы тет макъамхэм Іэфіу щІагъэжеикІыу. Сэ абы дауэ сыщымыгуфІыкІынрэт, адыгэ сабийхэр гущэкъу уэрэдым щІэдэІуурэ жей Іэфім щыхишэкІэ! Мис абы къызит гурыщІэм сэркІэ уасэ иІэкъым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Псалъэжьхэр

ЩыкІу щхьэкІэ, лъабжьэщ

♦Мыщэм пщІащэ техуэмэ мэгубжь, жыг техуэмэ зеущэху
♦Узищіасэм и псэ ухуехь.
♦Пцы зыупсыр щхьэщытхъущ, зызыгъатхъэр джэгуакІуэщ.
♦Нэм нэ хъумэ иІэщ.
♦Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампІэ.
♦ЩІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зэкъуэшщ.
♦Нэпкъым тетыр кхъуафэ хукІэкІэ Іэзэщ.
♦Псыхъуэр жылэ тІысыпІэщ.
♦Уэрэдым псалъэ хадзыркъым.
♦Пцы Іэфі нэхърэ - пэж дыдж.
♦ЩІопщыкъурэ пэт жьы еубыд.
♦Уанэм лІы имысмэ, пхъэ тыкъырщ.
♦Уэс щесам лъэужь щыІэщ.
♦Шу гупыр зэдилъмэ, щхьэж игу илъ ещІэж.
♦ШыфІрэ выфІрэ псыбафэкъым.
♦Фом тхъу хэплъхьэкІэ зэІигъэхьэркъым.
♦«Хэт и щхьэр нэхъ дахэ?» щыжаІэм, шылъэгум и щхьэр къригъэжащ.
♦ЩІалэ гъакІуи кІэлъыкІуэж.
♦Фоч нэщІ лІитІгъэшынэщ.
♦Щауэщіэм и щІакІуэри и кІуэкІэри дахэщ.
♦Хьэ мыукІытэ къупщхьэ йогъу.
♦ЦІыкІу щхьэкІэ, лъабжьэщ.
♦ХьэгъуэлІыгъуэ махуищ гухэхъуэщ.
♦Шэс псори шукъым.
♦ЩІакІуэр губгъуэ унэщ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Тхылъ щхьэпэ

Америкэм къыщыдэкІ журналхэм ящыщ зыр тхакІуэхэмрэ артистхэмрэ я деж щыщІэупщІащ цІыху щымыпсэу хытІыгум кІуэуэ щытамэ къыздащтэну тхылъыр зыхуэдэмкІэ. Жэуапхэр зыкІи зэщхьтэкъым: Шекспир Вильям и Іэдакъэщіэкіхэр зэрыт, Свифт Джонатан и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса...

А упщІэмкІэ тхакІуэ Честертон Гилберт зыщыхуагъэзам жиІащ:

- Апхуэдэ щытыкІэ укъыщихутам и деж тхылъ нэхъ щхьэпэр кхъухь зэращІыр зэрытырщ.

И лъэІур хуащІащ

«Алиса в стране чудес» таурыхъ цІэрыІуэр зэхэзылъхьар Окс-ворд университетым математикэмкІэ щезыгъэджа Кэррол Льюисщ. Ар и лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж итхауэ щытащ щІэныгъэлІым.

Инджылызым и пащтыхь гуащэ Викторие а таурыхъым къеджа нэужь, хуабжьу игу ирихьащ икІи Кэррол и Іэдакъэ къыщІэкІа адрей тхылъхэр икІэщІыпІэкІэ къыхуахьыну унафэ ищІащ.

Пащтыхь гуащэм и лъэІур псынщІэ дыдэу хуагъэзэщІащ. Ауэ абы хуабжьу игъэщІэгъуащ Кэррол и адрей тхылъ псори математикэм теухуауэ къыззэрыщІэкІар.

Эрмитаж

● Хьэлэмэтщ

Дуней псом къыщацІыху Эрмитаж музейм щІэлъхэм уеплъыным ихьыр зы махуэкъым икІи тхьэмахуэкъым. КъызэрабжымкІэ, пасэ зэманхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпу, сурэту, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакІуэхэм я Іэдакъэщіэкіыу абы щызэхуэхьэса мелуани 3-м уеплъын щхьэкІэ, километр 24-рэ къызэхэпкІухьын хуейщ.

Эрмитажыр щылажьэ Щіымахуэ Уардэунэр 1732 - 1735 гъэхэм архитектор Растрелли Франческэ иухащ. Уардэунэм и инагъыр мыпхуэдэ бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ: метр зэбгъузэнатІэ мин 46-рэ зыубыд пэш миным щІигъу щІэтщ, щхьэгъубжэ мини 2 хэлъщ, бжэхэр 1800-рэ мэхъу, дэкІуеипІи 120-рэ иІэщ, унэм къекІуэкІ карнизыр километри 2 мэхъу.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Дэ къытхуатх

Джэдыгухэр

Цыбанэ зигъэкІэрахъуэу гъуджэм бгъэдэтт. Ар щатэрт, папщэрт, зэ ижьымкІэ, зэм сэмэгумкІэ зыщигъазэкІэ цыпхыдзэм ещхь и щІыб гъуджэм къищыр илъагъурти, и ни и пи къихьыртэкъым.

- Е сыцыфІэкъым, е сыплъыфэкъым, - жиІащ абы, икІэм-икІэжым, губжьа-губжьауэ.

Мастэ-Іуданэр зэи зымыгъэтІылъ анэр къуэм еплъри, зыри жимыІэу Іуданэр къищтащ, шэцыкуэ Іэщіэлъым тришэну. Цыбанэ хуэмышэчыжу анэм бгъэдыхьэри:

- Мы си джэдыгу фаджэм хуэдэ иІэу зы псэущхьи мы мэзым щІэскъым. НэгъуэщІ схуэбдыфынукъэ? - жриІащ.

Анэм жиІэнІауэ хунэмысу зыгуэр къэджащ:

- Ей, гъунэгъур фыщІэс! - жери.

Анэр щІэкІмэ - Бажэ къыщытщ.

- Къеблагъэ, Бажэ, сыт ухуейт? - щІэупщІащ ар.

- Джэдыгу здынущи, кхъыІэ, хъунумэ, зы мастэ къызэт, - жиІащ Бажэ.

- Сыт, на, щІозмытынур?! Тхьэ, цыджан мастэм нэхърэ нэхъ папцІэмэ сысейр икІи сабын фІыцІэм зэ хэпІумэ, сыт хуэдэ фэми тыншу хыхьэнумэ, - ар жиІэри маститІ иритри гъунэгъур игъэкІуэтэжащ.

ЕтІуанэ махуэм Цыбанэ джэгуну хуейм ихьащ. Бажэрэ Мэзыхьэрэ я джэдыгу щІэрыпсхэр зыр адрейм хуигъэщІэгъуэжу гъэхъунэм итхэт.

- Еплъыт, еплъыт зо мы си джэдыгу дахэм! - жиІэрт Бажэм пІащІэрыпсалъэу, къригъэжьар Мэзыхьэ фІыцІэпиудынкІэ шынэу. - Бжьыхьэ дыгъэпсым гъуэплъ, дыщафэ ищІа тхьэмпэ хуабэхэм зызгъафІэу, сыхэдзэгухьу сыхэлъын сфІэфІти, абыхэмкІэ мамэ джэдыгу дахэ схуидащ. Мастэр, пщІэрэ, къезытар Цыжьбанэращ.

- Цыжьбанэ и фІыгъэкІэ нанэ джэдыгу схуидащ. Ди гъунэгъу мэл Бжьэтіей цыщхъуэ къытхуихьат. Ар нанэ сэрэ зэгъусэу дыпщІащ, иужьым цыпхымкІэ зэІытхыжри цыІэрылъхьэ тщІащ. Нанэ цыкІуэкІымкІэ иджащ, итІанэ Іуданэр тІууэ зэгуилъхьэри щІиджэжащ. Цыжьбанэм фІэкІа мастэ иІэу зы псэущхьи нанэ мы мэзым щІигъуэтакъым. Къеплъыт, - и щІыІутелъ щхъуафэ щІэрыпсыр игъэлъагъуэу Мэзыхьэ зыщегъэкІэрахъуэ Бажэ и пащхьэм.

Абыхэм жаІар зэхэзыха Цыбанэ и джэдыгу мастэм еплъыжри пыгуфІыкІащ.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

● Шхыныгъуэхэр

Уэркъ хьэнтхъупс

Пасэрей пІастэ щащІкІэ, хугу хьэдзэхэр зэрыкІащ щыжаІэм деж, бэлагъкІэ пщын щІамыдзэ щІыкІэ хьэнтхъупсыр Іуву къыщхьэщах. Ар фалъэ куум иракІэ, абы кхъуей цІынэ хэхагъащІэ, шыгъу темыудауэ цІыкІу-цІыкІуурэ зэпаупщІри халъхьэ, къундэпсокІэ зэІахыжри пщтыру ираф. Хьэнтхъупсыр сэбэпщ зи кІэтІий узхэм я дежкІэ.

ХьэлІамэпс

Нартыху хьэлІамэ е хьэлІамэ цІывынэ ягъэва иужь абы къыщІэвыкІар Іув мэхъу. А хьэлІамэпсым хьэнтхъупс къыхащІыкІ. ХьэлІамэпсыр шыуаным иракІэри зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэри дакъикъитху-хыкІэ къагъэкъуалъэ. ИтІанэ абы шыбжий хэлъу тхъукІэ гъэлыбжьа бжьын традзэ. Шыуанащхьэр трапІэжри, мафІэ щабэм тету дакъикъищплыкІэ къагъэкъуалъэ. Зэрыпщтыру фалъэ куум иракІэри яшх. ХьэлІамэ, чыржын, щІакхъуэ дашх.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ФщІэн папщІэ

Нарыр хущхъуэщ

Нарыр Азербайджаным, Афганистаным, Азие Курытым, Абхъазым, нэгъуэщІ щІыпІэ зыбжанэми къыщыкІ жыг цІыкІущ. КъыпыкІэр тІамым (апельсиным) ещхьу хъурейщ, хуэдизи мэхъу, ауэ плъыжьщ. Нарыр хущхъуэшхуэу къыщалъытэ щІыпІэ куэдым. Псом хуэмыдэу ар сэбэп яхуохъу зи лъатэр, кІэтІийхэр узхэм, зи лъыр мащІэ хъуахэм. И кІуэцІым илъым и мызакъуэу, и фэри фІыщ. Ар цІыкІу-цІыкІуу фупщІатэ, кІэструл лам ифлъхьэ, псы къэкъуалъэ щІэфкІэ, дакъикъэ 15 хуэдизкІэ мафІэр ешэхауэ вгъавэ. УпщІыІуа нэужь махуэм щэ-плІэ бжэмышхышхуэкІэ фефэ. Фи лъыр мащІэмэ, нарыпс стэкан ныкъуэ-ныкъуэу махуитІым фефэмэ, сэбэп къыфхуэхъун хуейщ.

Псалъэзэблэдз



Гъатхэпэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Ажэгъуэмэ. **7**. Хъан. **8**. Бжэ. **9**. Бжьэ. **12**. Щоджэн. **13**. Малъхъэ. **15**. Без. **16**. Ужьэ. **17**. Яжьэ. **20**. ШыгъэцІыв.

Къехыу: **2**. Жэщ. **3**. Гъуабжэ. **4**. Мэз. **5**. Пхъэщабэ. **6**. Гуэбэнэч. **10**. Хьэм. **11**. Къаз. **14**. Бжьакъуэ. **18**. Бжы. **19**. Пхъы.

ЕкІуэкІыу: **1**. Къумым къинэу Сосрыкъуэ щІыІэм къригъэла нартхэм ящыщ зы. **5**. Къуалэбзум, джэдкъазым ятет цы щабэ. **7**. Адыгейм я япэ президент. **8**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **9**. ..., ..., ... цІыкІу, зи лъэдийхэр псыгъуэ цІыкІу. **11**. КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **16**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **17**. Тэрч щІыналъэм хиубыдэ къуажэ. **18**. Данэ щэкІ пІащІэ. **20**. ... хьэсэгъу умыщІ. **21**. «Шы ... лъэ псыгъуэм бгъукІэ зыпезгъэхыурэ унэм изохулІэ ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цІэрыІуэм щыщщ.

Къехыу: **1**. НапІэзыпІэ. **3**. Дунейм ехыжам и цІэкІэ тхьэмыщкІэхэм ират Іыхьэ. **4**. Мывэ блын задэ. **5**. «Куэд» псалъэм и пІэкІэ сабий нэхъ цІыкІухэм ар къагъэсэбэп хабзэщ. **6**. Къэгубжьауэ, яфІэнэну нэгъуэщІ унагъуэ зэрытелъадэм апхуэдэу йоджэ. **10**. Зиусхьэн лъэпкъ. **12**. Нэхъ пасэм языныкъуэ цІыхубзхэм я Іэбжьанэр плъыжьу зэралэу щыта удз. **13**. Лэдэхиплі зиІэ тхьэмпэ къызыпыкІэ, бгыкъу, шыкІэпшынэ къызыхах жыг. **14**. ЦІыху фейцей, теплъаджэ. **15**. Мысырым адыгэр зэреджэу щыта. **19**. Пасэрей гъущІ пыІэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

СурэтыщI, егъэджакIуэ

Налшык дэт Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Гъуаздджэхэмкlэ музейм Нарткъалэ щыщ сурэтыщI Чернощёковэ Ольгэ и Iэдакъэщlэкlхэр щагъэлъагъуэ. Ар IэщIагъэм зэрыхэтрэ илъэс 30 зэрырикъуам теухуащ. Чернощёковэр сурэтыщIу, утыкур гуащэхэмрэ хьэпшыпхэмкIэ игъэщIэращIэу щолажьэ Нарткъалэ дэт ЩIалэгъуалэ театрым, Сабий художественнэ школым, Налшык щыIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ Гъуаздджэмкlэ школ №2-м гъуаздджэр щрегъэдж.

МУЗЕЙМ и пэшитIым щагъэлъагъуэ хьэпшыпхэр 50-м ноблагъэ. Абыхэм яхэтщ театрым зэрыщыдджэгу фэилъхьэгъуэхэр, гуащэхэр, хьэпшыпхэр, сурэтхэр, эскизхэр. Гуащэхэм яхыболъагъуэ таурыхъхэм, литературэ тхыгъэхэм къыхэщыж лIыхъужьхэри. Бзылъхугъэм щIыуэпсыр, цIыхухэр къызыхэщ сурэтхэр, натюрморткэр и куэдщ.

- ЩIыуэпс теплъэ щысщIыр зыщызгъэпсэхурщ. Абы гугъу сыдехьыркъым, атIэ си гур дахагъэкIэ согъэнщI. ЦIыху сурэт пщIыныр нэхъ гугъущ, ауэ узыIэпешэ. А лэжьыгъэмкIэ къэбгъэлъагъуэ мэхъу цIыхум и теплъэм нэмыщI, хьэл-щэныр, гукъыдэжьыр, ныбжьыр. Псалъэм папщIэ, и нэхэр пщIыуэрэ, абыхэм гупсысэ гуэр зэрыщIэтым укIэлъоплъ, - жеIэ сурэтыщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ жеIэ Ольгэ и лэжьыгъэхэр мыпхуэдэу зэгъэуIуауэ ягъэ зэрилъагъур, абы и сурэтхэм

Iэзагъ зэрыхэлъри къыхегъэщ.

- Театрым и сурэтыщI Чернощёковэр нобэ зэзгъэцIыхуу аращ, пэжым ухуеймэ. Сэ сыщыгъуазэщ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэрадэлажьэм, абы и гъэсэнхэм гъуаздджэм IэкIуэлъакIуэу щылъэщэнухэр куэду къазэрыхэкIым. Ольгэ зэфIэкIышхуэ иIэу къыщIэкIащ, абы и щыхьэтщ нобэ тлъагъу и IэдакъэщIэкI гъэщIэгъуэнхэр. Сэ абыхэм сащыгуфIыкIащ, - жиIащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къанокъуэ Жаннэ.

Нарткъалэ и ЩIалэгъуалэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Сапрыкинэ Галинэ тепсэлъыхьащ Ольгэ и цIыху щIыкIэм, театрыр зэригъэдахэм, щIалэгъуалэм игуи и пси етауэ зэрадэлажьэм, уеблэмэ абы и гъэсэн куэдым нэгъуэщI къэралхэм щIэныгъэм щыхагъэхъуэну я лъэр зэрынахьэсым.

Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ Гъуаздджэмкlэ школым и унафэщI Къуныжь ХьэIишэт къыхигъэщащ бзылъхугъэм иригъаджэ ныбжьыщIэхэр абы и дерсхэм дахагъэкIэ зэрапсыхьыр.

Сурэтыщым фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэми абы еплъыну къекIуэлIахэми.

- Мы лэжьыгъэхэм фи гукъыдэжыр къаIэтмэ, си гуапэщ! - жиIащ абы.

Гъэлъэгъуэныгъэр екIуэкIынущ гъатхэпэм и кIэ пщIондэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Гъуаздджэ

Илъэс 40 гъуэгуанэ

ЦIыхубэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Дети гор» («Куршхэм я бын») сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 40 ирикъуащ.

АНСАМБЛЫМ и зэфIэкIымрэ ехъулIэныгъэхэмрэ щыхьэт тохъуэ гупыр зыхэта урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм къыщыхуагъэфэща кубок, щIыхь тхылъ бжыгъэншэхэр. Урысейм и щIыналъэхэм къищынэмыщIауэ, къэфакIуэ гупым зыкъыщигъэлъэгъуащ Иорданием, Болгарием, Сирием, Тыркум, Румынием, Иракым, Польшэм, Германием, нэгъуэщI щIыпIэхэм.

Илъэс 30-м щIигъукIэ гупым и художественнэ унафэщIу щытащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, лэжьыгъэм и ветеран Кушмэзокъуэ Рафаил. Фигу къэдгъэкIыжынщ абы совет кинематографиеми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар. Ар щыджэгуащ «Неуловимые мстители», «Герой нашего времени», «Ватерлоо», нэгъуэщI фильмхэми. «Дети гор» ансамблыр илъэс 30 щыхъум, Рафаил и лэжьыгъэм пищащ и къуэ Албэч.

1984 гъэм къэунэхуащ «Дети гор» ансамблыр. Абы къыщофэ илъэси 6 - 17 ныбжьым итхэр. «Нальчанка» ансамблым хэт, и къуэш нэхъыжь Суламбэчщ Албэч гупым хэзышауэ щытар. А зэманым къафэм куэд дихьэхырт.

- 1985 гъэм и щIымахуэм Москва зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дашат. ФIэщщыгъуейщ щIыIэу градус 20 щыIэу щIыбым иджырей адэ-анэхэм я бынхэр къыщагъэфэну! ЩIыIэм дисми, дэркIэ насыпышхуэт абы дыкъызэрыщыфэр! - игу къегъэкIыж Албэч. - Къафэм нэхъ пасэм щIэупщIэшхуэ иIэу щытащ. 90 гъэхэм щIалэхэр спортым нэхъ ягъакIуэ хъуат. Иджы щIалэ куэдым къафэм зэрызратыжыр узыгъэгуфIэщ. Си адэм и лэжьыгъэхэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм ноби щIэупщIэ яIэщ. Къафэ закъуэкIэ зэфIэкIыркъым, ныбжьыщIэхэр лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм щызогъэгъуаззэ. Сабийхэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызахъуэжыр дамэ къыстезыгъакIэщ!

Дунейпсо Арт комитетым Албэч нэгъабэ къыхуигъэфэщащ «Почётный наставник творческой молодёжи» дыщэ медалыр.

Албэч и къуэш нэхъыжь Суламбэчи къэфакIуэ цIэрыIуэщ, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артистщ. Ар «Кабардинка», «Кавказ» къэфакIуэ ансамблхэм, «Черкесский круг» проектым хэтащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ди ныбжьыщIэхэм дагъэгушхуэ

Гъатхэпэм и 3-м Новгород Ищхъэрэм щызэхуащIыжащ 2010 - 2011 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм папщIэ «Футбол цIыкIур - школым» урысейпсо Iуэхум и кIэух Iыхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу а зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №33-м и гупыр, Бэлэтокъуэ Астемыррэ Атэлыкъ Азрэтрэ я гъэсэнхэр.

КIЭУХ Iыхьэм нэсын папщIэ, ди гупым хэт ныбжьыщIэхэр чэзууэрэ ятекIуащ Ненецк автоном округым, Чувашие, Алтай щIыналъэхэм я гупхэм. Ягъэ джэгугъуэм ди ныбжьыщIэхэр ятекIуащ Санкт-Петербург къикIа я хьэрхуэрэгъухэм. Ар 4:4-уэ иухрэ пэт, налшыкдэсхэм я насып къриихьэкIри, пенальтикIэ джэгур къахьащ. Финал ныкъуэм ди гупыр

щыдэджэгуащ Оренбург щIыналъэм хыхьэ Красногвардейскэ курыт еджапIэ №1-м щыщ футболист ныбжьыщIэхэм. Абыхэми топыр тIэу худагъэкIащ.

Ягъэ увыпIэр къэхьыным ди гупым и гъусэу щIэбэнащ Псков къалэм къикIахэр. ГупитIри ерыщу зэдэджэгуащ, арщхьэкIэ ди футболист ныбжьыщIэхэр нэхъ лъэщу къыщIэкIри, джэгур къахьащ. Топыр дигъэкIащ Щауэ Данил. ТекIуэныгъэр къэзыхьахэм къраташ кубокрэ дыщэ медалхэмрэ. Апхуэдэуи Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэр ныбжьыщIэхэм къахуэупсащ футбол зэрыджэгу фэилъхьэгъуэхэмкIэ.

Чемпионхэр Iэтауэ къыщрагъэблэгъэжащ я школым. Абыхэм гуапэу къаIущIащ еджапIэм и унафэщIхэри, егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, я ныбжьэгъухэри. Футболист ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ я гъуэгуанэм адэкIи пащэну, иджыри ехъулIэныгъэ куэд къахудэкIуэну. Гупым хэт псоми абыхэм я гъэсакIуэхэми хуагъэфэщащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и фIыщIэ тхылъ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Футбол цIыкIур - школым» Iуэхур 2005 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI. Илъэс къэс абы хэтхэм я бжыгъэр мелуаным щыщIигъу щыIэщ. 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ зэпеуэм и кIэух Iыхьэхэр Урысейм Рекордхэмкlэ и тхылъым йохуэ, «школакIуэхэм папщIэ ирагъэкIуэкI спорт Iуэхухэм ящыщу цIыху нэхъыбэ дыдэ къызэрызэщIиубыдэм къыхэкIыу». Новгород Ищхъэрэ щызэхуащIыжа зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэ мини 5,5-м щIигъу хэтащ, я ныбжькIэ гупиплIу гуэшауэ.

Зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ я пщэ дэлъщ Урысей Федерацэм СпортымкIэ, Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэхэм, Урысейм футболымрэ футбол цIыкIумкIэ и зэгухьэныгъэхэм. «Футбол цIыкIур - школым» Iуэхур ядеIыгъ УФ-м и Президент Путин Владимир.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.574 • Заказыр №529

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А